ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№47 (24.953) ● 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ●

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# ПэхуэщIэхэр, туризмэр, транспортыр...




**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм я зэIущIэ.**

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум, апхуэдэуи дызэрыт илъэсым и япэ мазитIым экономикэм щызрагъэхъулIахэм.

Нэрылъагъу хъуащ республикэм и экономикэм зэрызиужьын хуей мардэхэм зэрыхигъэхъуар, илъэс блэкIам и апхуэдэ лъэхъэнэм зэрыщытам зэрефIэкIар. Промышленностым къыщIигъэкIым и индексыр процентв 124,3-рэ хъуащ. Ухуэныгъэу ирагъэкIуэкIар процентв 104,9-м, мэкъумэш IэнатIэм и зэфIэкIхэр процентв 102,4-м, абы щыщу Iэщ гъэхъун IэнатIэр процентв 102,8-м нэсащ. Сатуу ящIар илъэс блэкIам процентв 106,7-кIэ хуокIуэ, шхапIэхэм хэхъуэу къатар процентв 113-рэ, пщIэкIэ Iуэхутхьэбзэ зыщIэхэм ейр процентв 102,2-рэ мэхъу. Улахуэу щIышылэм ятар ику иту сом 54856-рэ хъуащ, абы зэрыхэхъуэр процентв 110,1-м нэсащ. «Экономикэм Iэмал къыдет нобэм ирихьэлIэу унэтIыныгъэ псомкIи зэрызыдужьыр жытIэну», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Казбек икIи щIигъужащ зи улахуэр бюджетым къыхэкIхэм я лэжьапщIэм адэкIи хэгъэхъуэным тетын зэрыхуейр.

Лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ къэрал IуэхущIапIэм мэлыжьыхьым и пэщIэдзэм ирихьэлIэу щыIэ бжыгъэхэр наIуэ къищIати, а къалэнхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм япэ увыпIэр, къэралым евланэ увыпIэр щиIыгъщ.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ а ехъулIэныгъэхэр нэхъри щIэгъэбыдэн, лъэпкъ проектхэм щыубзыхуа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъын зэрыхуейр. «Дэ абыхэм махуэ къэс дытопсэлъыхь, ауэ иджыри зэ къыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейщ - проектхэм елэжьын, абыхэм якIэлъыплъын хуейщ».

ЗэIущIэм апхуэдэуи щытепсэлъыхьащ республикэр Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм зэрыхэтынум зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэми. Мы гъэм абы Къэбэрдей-Балъкъэрым хуигъэхьэзыр пакетыр, зэи къэмыхъуауэ, сом мелард 264-рэ и уасэ мэхъу. ТегъэщIапIэ нэхъыщхьэ ящIыр туризм IэнатIэмрэ Налшык къалэм и санаторэ-зыгъэпсэхупIэ IуэхущIапIэхэмрэщ.

Щхьэхуэу къытеувыIащ транспорт IэнатIэм ехьэлIа Iуэхухэм, къапщтэмэ, муниципалитетхэм, абыхэм Налшык, Прохладнэ къалэхэри яхэту, автобусхэр къахуэщэхуным пыщIа къалэнхэм. Жылагъуэ транспортыр цIыху нэхъыбэм къагъэсэбэпыф хъун папщIэ, къахэгъэхъуэн хуейщ цIыхухэр къызэрырашэкI транспорту нэгъуэщI муниципалитетхэми яIэхэм.

Псы зэрыкIуэ бжьамийхэр Бахъсэн щIыналъэм щызэхъуэкIыным, щIэхэр къахэгъэхъуэным хуэгъэзауэ яублауэ щыта лэжьыгъэшхуэми пащэ. Ахэр зэфIэкIмэ, къуажэдэсхэр зэфэн псы къабзэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр хэпщIыкIыу ефIэкIуэнущ. Хуабэ ятезыгуашэ IэнатIэми зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIыным зыхуагъэхьэзыр.

КIэрыхубжьэрыху быдэхэр дэшынымрэ муниципалитетхэм я щIыналъэхэр зэщIэгъэкъэбзэнымрэ теухуа Iуэхухэми и гугъу щащIащ зэIущIэм. Мэлыжьыхьым и 18-м щэбэт щIыхьэху ин къызэрагъэпэщыну я мурадщ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ май махуэшхуэм екIуу ирихьэлIэн папщIэ.



## Ди газетым и ныбжьэгъу пэжу фыкъанэ!

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2026 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр къызэIуахащ.

Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэщ:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым пощтым къыщеIыфхыжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми. Ди газетым Iэ тедзэным феуэжьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

Индексыр П 5894.



Къэрал Думэм жэрдэмыр къыщыдаIыгъ

2-нэ нап.



Тхьэмадэм и щIыхькIэ

3-нэ нап.



Дыкъэзыхъумахэр гум имыхуу

4-нэ нап.



IэщIагъэм гуапагъэ хелъхьэ

10-нэ нап.




11-нэ нап.



# Къэрал Думэм жэрдэмыр къыщыдаIыгъ

**Мэлыжьыхьым и 15-м УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм и зэIущIэм япэ еджэгъуэу зэдэарэзыуэ къыщащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къыхилъхьа федеральнэ законым и проектыр.**

ЗИ ГУГЪУ тщIыр «УФ-м автомобилрэ токкIэ лажьэ къалэ транспорткIэ цIыхухэмрэ хьэпшыпхэмрэ къешэкIыныр къызэгъэпэщынымкIэ УФ-м и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымрэ теухуауэ» Федеральнэ законым и 3-нэ, 16-нэ Iыхьэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэрщ. Ахэр зытеухуар Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэр егъэфIэкIуэнырщ.

Дэфтэрым щытепсэлъыхьым, Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур жиIащ а Iуэхур зи къалэн комитетыр абы кууэ зэрыхэплъар, ФедерацэмкIэ Советым и комитетымрэ УФ-м и Правительствэмрэ арэзы зэрытехъуар. Жэрдэмыр къэралым и щIыналъэ псоми даIыгъащ. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхухэр зэфIэхыным щIыналъэ 12 хэтщ.

### Зэхъуэкlыныгъэхэр зытеухуар

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, иджыпсту щыIэ хабзэм сыт щыгъуи къилъытэркъым щIыналъэхэм я административнэ-щIыналъэ ухуэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Куэдрэ къохъу республикэм и кIуэцIкIэ зы къуажэм икIыу адрейм нэсын папщIэ, автобусхэр гъунэгъу щIыналъэм ихьэн хуей щыхъу. Абы тепщIыхьмэ, апхуэдэ гъуэгур щIыналъэ зэхуаку мэхъури, ар къызэгъэпэщыным елэжьыр «Росавтотранс» федеральнэ IуэхущIапIэрщ. Ауэ тлъагъур сыт? ЦIыхухэр зэрымащIэр къезышэкIхэм я дежкIэ фейдэншэ мэхъу, жылагъуэхэри щIэх-щIэхыурэ транспорт Iуэхутхьэбзэншэу къонэ.

Щапхъэ наIуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. «Налшык - Ташлы-Тала» муниципальнэ гъуэгур Осетие Ищхъэрэм и щIыналъэм Iэмалыншагъэкlэ ирокIуэ, нэгъуэщI блэкIыпIэ зэрыщымыIэм къыхэкIыу. Ставрополь щIыналъэм хиубыдэ «Прохладнэ - Малакановскэ» гъуэгуми аращ и Iуэху зытетыр. Абы щыгъуэми щIэдзапIэри, къэувыIэпIэхэри, гъуэгуанэр щиухри Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэрщ.

ХабзэпроектыщIэр а щытыкIэр гъэзэкIуэжыным хуэгъэпсащ. АбыкIэ «ЩIыналъэ зэхуаку гъуэгухэр» жыхуаIэм зрагъэубгъу. Иджы абы хагъэхьэну я мурадщ щIыналъэ 12-м я гъунапкъэхэм ит гъуэгухэр. Абыхэм ящыщщ: Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставропольемрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ РСО-Аланиемрэ, Ингушымрэ РСО-Аланиемрэ, Мордовиемрэ Пензэ областымрэ, Астрахань областымрэ Къалмыкъымрэ, Марий Элрэ Кировскэ областымрэ, Марий Элрэ Чувашиемрэ, нэгъуэщIхэри. Абы щIыналъэ унафэщIхэм Iэмал къаритынущ гъуэгухэм къызэрыщрашэкIыр езыр-езыру къызэрагъэпэщыну, цIыхухэм я гугъуехьхэр нэхъ псынщIэу зэфIахыну.

### Iуэху еплъыкIэ

Депутат Еремин Сергей къыхигъэщащ зи гугъу ящI Iуэхум щIыналъэ 12 къызэрызэщIиубыдам цIыхухэр зыхэта гугъуехьыр зыхуэдизыр нэрылъагъу зэрищIыр.

- Къэрал Думэм транспортымрэ а IэнатIэм зегъэужьынымкIэ и комитетыр законопроектым хэплъэри, унафэ къищтащ жэрдэмыр даIыгъыну. УФ-м и щIыналъэхэм Iэмал яIэкъым хэхъуэ мащIэ фIэкIа зимыIэ гъуэгухэм къыщешэкIыныр къызэрагъэпэщыну (абы щыгъуэми нэгъуэщI гъуэгу зэрыщымыIэм къыхэкIыу гъунэгъу щIыналъэм ихьэу). Ар зэран хуохъу цIыхухэм транспорт Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэм и фIагъым, - жиIащ Ереминым. Апхуэдэуи абы дыщIигъуащ къыхагъэща щыщIэныгъэхэр етIуанэ еджэгъуэм зыщыхуагъэхьэзыркIэ зэрагъэзэкIуэжынур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и жэрдэмым и мыхьэнэм тепсэлъыхьащ Марий Эл Республикэм къыбгъэдэкIыу Къэрал Думэм и депутат Казанков Сергей. Абы ди республикэм и депутатхэм фIыщIэ яхуищIащ.

- Мы законопроектым папщIэ сэ Iэ сIэтынущ. Ауэ хэхауэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ: ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къыхилъхьащ. Къэрал Думэм куэдрэ къищтэркъым щIыпIэ Парламентхэм къагъэхь законопроектхэр. Ар тэмэмуи къыщIэкIынукъым. Мы законопроектыр и щапхъэщ щIыналъэхэм щылажьэ депутатхэм цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэм я нэIэ зэрытрагъэтым. Дэфтэрыр къызэращтэм Марий Эл и Сернурскэ, Горномарийскэ районхэм щыпсэухэм я гъащIэр нэхъ тынш ящищIынущ, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Хабзэр къащта нэужь, транспорт ямыIэу жылагъуэ пхыдзахэм щыпсэухэм а Iуэхутхьэбзэр тыншу хузэфIах хъунущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хъыбар фагъащIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, республикэ клиникэ сымаджэщым и япэ хирург къудамэм и унафэщI, Санавиацэм и тхьэмадэ **Къэзан Къэрэшей Жэбагъы и къуэр** дунейм зэрехыжамкIэ икIи абы и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

**● Совет цIыхубэм къращIылIа лъэпкъгъэкIуэдым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм**

# ЩIыналъэхэр къаунэщIынурат

**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ махуэ хэхахэм мы гъэм щIэуэ къыхыхьащ Совет цIыхубэм къращIылIа лъэпкъгъэкIуэдым хэкIуэдахэм я фэеплъыр. Ар мэлыжьыхьым и 19-м техуэу нэгъабэ игъэуващ УФ-м и Президент Путин Владимир икIи щIэзыгъэбыдэ «Урысейм и дзэ щIыхьым и махуэхэмрэ фэеплъ махуэхэмрэ я IуэхукIэ» унафэми зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Сытым трагъэщIа а махуэр?**

1943 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къыдигъэкIащ - «Совет граждан жылагъуэр зэтезыукIа нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэр жэуапым ешэлIауэ яхуэфащэ тезыр ятелъхьэным и IуэхукIэ». Фэеплъ махуэмрэ ар зытеухуамрэ нэхъ зэпкърыха хъун папщIэ къыдохь щIэныгъэлIхэмрэ политикхэмрэ я гупсысэхэр.

«Цифровая история» щIэныгъэ-узэщIыныгъэ проектым и унафэщI, РВИО-м и ЩIэныгъэ Советым ЛъэпкъгъэкIуэдымрэ зауэ щIэпхъаджагъэхэмрэ джынымкIэ и комиссэм и унафэщI Яковлев Егор: - Сэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэу къысщохъу нацист зэрыпхъуакIуэ политикэм кърикIуахэр нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэу щымыту лъэпкъгъэкIуэду къыщIэтлъытэр цIыхухэм ягурыгъэIуэным. ЛъэпкъгъэкIуэдыр, ООН-м и конвенцэм ипкъ иткIэ, лъэпкъ е дин зэхуэмыдэ зезыхьэ, я фэкIэ зэмылIэужьыгъуэ цIыху гупыр зэрыщыту е гуп-гупурэ ягъэкIуэдын мурад яIэу ялэжь Iуэхугъуэщ. ЛъэпкъгъэкIуэдыр лIэужьыгъуитху мэхъу: цIыхубэр занщIэу зэтраукIэ; я Iэпкълъэпкъым удын традзэ; цIыхур зыгъэлIэн щытыкIэ ирагъэувэ; зэрызаужьын, зэрыбэгъуэн Iэмалхэр къыIах, икIэм-икIэжым, къащIэхъуэ щIэблэр ядыгъу. Совет Союзым и щIыналъэ яубыдахэм щрагъэкIуэкIа лъэпкъгъэкIуэдыр зыми хуэбгъадэ щIэмыхъунур мис а зи гугъу тщIа лIэужьыгъуитхури къызэрыщагъэсэбэпарщ. Ар дунейпсо тхыдэм дежкIэ къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэщ. Дауэ хъуми, нацистхэр хунэсащ Iуэхугъуитхури нэхъ шынагъуэ дыдэу зэрыщытыфынум хуэдэу СССР-м къыщагъэсэбэпыну. Абыхэм яубыда щIыналъэ -хэм щыпсэухэр зэрагъэкIуэдыну Iэмал нэхъыщхьэу ягъэувар мэжэщIалIагъэм ирагъэхьынырт. Е нацист Германием Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и статс-секретарь Бакке Герберт и планырт. Аращ Гитлер пщэрылъ зыщищIар зауэм и экономикэ планыр зэхэлъхьэныр, ипэжыпIэкIэ жыпIэмэ, «Барбаросс» план цIэрыIуэр гъэзэщIэныр. Германием СССР-м къришIылIа зауэр правительствэр яхъуэжын мурадкIэ къэрахьэжьа зауэтэкъым. Зи гугъу ящIыр гъащIэ щекIуэкI щIыпIэ псори яубыду, икIэм-икIэжым, зы хэкурыс дунейм къытрамынэнырт.

1941 гъэм накъыгъэм и 12 - 15-хэм Вевельсбург быдапIэм щекIуэкIа эсэсовцхэм зауэм и пэ къихуэу щрагъэкIуэкIа зэIущIэм СС-м и унафэщI Гиммлер Генрих щыжиIащ Урысейм щIытеуэнум и щхьэусыгъуэр славянхэм я бжыгъэр мелуан 30-кIэ гъэмэщIэныр зэрыарар. 1941 - 1942 гъэхэм екIуэкIа мэжэщIалIагъэ шынагъуэр а политикэм и Iэужь дыдэщ. Зауэр псынщIэу яухыну зэрагугъар къащемыхъулIэм, нэмыцэхэр я мурадыр яхъуэжын хуей хъуащ. Абыхэм урысхэр пщылIу ящэну Европэм яшэу щIадзащ, иджыри славян лъэпкъхэр гъэмэщIэнрат зиужь итри. Мыбдеж лъэпкъгъэкIуэдым и IэмалыщIэ аргуэру къагъэсэбэпауэ жыпIэ хъунущ, фашистхэм бзылъхугъэ уэндэгъухэр къыхашурэ, ныбэм илъ сабийр фIагъэкIуэдыжырт.

Урысейм и МИД-м и лэжьакIуэ Захаровэ Марие: - Хэку зауэшхуэм СССР-м и цIыху мелуан 27-рэ хэкIуэдащ, абыхэм ящыщу мелуан 18-р цIыху мамырт. Ар дэ дощIэж икIи сыт щыгъуи дигу илъынущ. Фигу къэзгъэкIыжынщи, ахэр зэрыхэкIуэдар зауэм и Iэужь къудейкъым. А псоми идеологие лъабжьэ яIэт - КъуэкIыпIэмкIэ щыIэ щIыналъэхэр къэунэщIынрат Iуэхур зытеухуар, ар нацистхэм ягъэзащIэ къалэнт, къухьэпIэ демократиехэм я ахъшэкIэ даIыгъыу. А политикэ залымыгъэм ихьащ урыс, украин, белорус, журт - лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыху мелуанхэр. Аращ совет лъэпкъым и лъэпкъгъэкIуэдым дыщIытепсэлъыхьри. ИкIи дапщэщи къыхыдогъэщ а хэкIуэдахэр лъэпкъ зэхэгъэж зэрыдмыщIыр, абыхэм я фэеплъыр дгъэлъэпIащ, догъэлъапIэ икIи дгъэлъэпIэнущ. ХэкIуэдахэм ящыщ зы къыхэбгъэщхьэхукIыныр къезэгъыркъым. Ауэ дэ долъагъу ФРГ-м и Правительствэм Ленинград блокадэм хэтауэ абы щыпсэу зы лъэпкъ закъуэм ахъшэ зэрыритыр. Апхуэдэ щыIэн хуей? Ленинград блокадэм зы коммунальнэ фэтэрыр къэгъэнауэ, абы щыпсэу зы унагъуэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа исщ! Мис иджы зыгуэрым ахъшэ къыIэрохьэ... Адрейхэм сыт я лажьэр? Абы нэхъ къемызэгъ XXI лIэщIыгъуэм къыпхуэгупсысынукъым. Ещанэ рейхым IэщIэкIуэдахэм зэхуэдэу дахущытын хуейуэ дубзыхуну иужь дитщ. Ари мы фэеплъ махуэщIэм щIэлъ гупсысэу жыпIэ хъунущ. Лъэпкъ зэхэгъэж тщIы хъунукъым. Псори зэхуэдэу гугъу ехьащ. Шынагъуэт псоми я Iуэхур.

Сыт фэеплъ махуэщIэ дгъэувын щIыхуейр? ТекIуэныгъэ Иным и махуэ диIэщ - накъыгъэм и 9-рщ. Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэ диIэщ - мэкъуауэгъуэм и 22-рщ. Совет цIыхубэм къращIылIа лъэпкъгъэкIуэдым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэр, хабзэубзыху мардэм тету къащтар, къызыхэкIар жылагъуэм щекIуэкI гугъуехь гуэркъым. Ар къызыхэкIар дуней псор зыхуэкIуа щытыкIэрщ. Сыт иджыпсту абы утепсэлъыхьыным мыхьэнэшхуэ щIиIэр? Iуэхугъуэ псори гурыIуэгъуэ хуэдэщ, ахэр псоми ящIэ икIи яджащ. Ауэ КъухьэпIэм а тхыдэ напэкIуэцIхэр къритхыкIыжыну хуейщ, къритхыкIыжым къыщымынэу, зэрыхуейуэ «зрегъэпцI», къикIынкIэ хъунумкIэ идеологие, политикэ жэуап занщIэ зэрихьыр ищIэжу. Европарламентым СССР-м и пщэ къыдилъхьащ «зауэр къызэрыхъеямкIэ Ещанэ рейхым и къуэншагъэм хуэдиз дыдэ». Сыт абыкIэ жаIэну зыхуейр? Ди къэралым игъуэта хэщIыныгъэм Европэм уасэ зэрыхуимыщIырщ, къызэрыримыдзэрщ. Ди лъэпкъэгъухэр зэрыхэкIуэдар ди къэралым и зэрану къыщIригъэдзыну хэтщ. Зи ужь итыр ди цIыхухэм я зэхэщIыкIыр зэрагъэутхъуэнырщ. Я гупсысэкIэр пцIымкIэ яунэтIыну хэтщ. Дыхьэшхэнщ ар, ауэ тхыдэм зыри хэзмыщIыкI, адрей къэралхэм щыпсэухэм я фIэщ хъунри хэлъщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**





**● ДифI догъэлъапIэ**



# Тхьэмадэм и щIыхькIэ

**Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-мрэ ДАХ-мрэ я вице-президент, «Адыгэ псалъэ» газетым и унафэщIу илъэс 24-кIэ щыта ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуам иращIэкIа щIэныгъэ-практикэ зэIущIэр екIуэкIащ мэлыжьыхьым и 10-м. Ар къызэрагъэпэщат КъБР-м и ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм зэпымычу щыхагъахъуэ Iуэху-щIапIэмрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиемрэ зэщIыгъуу.**

ПРЕДМЕТ куэдым щыхурагъаджэ республикэ гимназием щекIуэкIа зэIущIэм хэтащ ЩIДАА-м и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м и ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм зэпымычу щыхагъахъуэ Iуэху-щIапIэм и унафэщI Къэжэр Артур, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редак-тор, тхакIуэ Джэрыджэ Арсен, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат УнэлIокъуэ Вячеслав, «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель Табыщ Мурат, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ, Налшык къалэм дэт гимназие №14-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Табыщ Динарэ, ЩIДАА-м хэт корреспондент, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ, тхакIуэ Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ, республикэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэхэр.

- Хэхэс адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпызыщIэжа, адыгэм и тхыдэ жыжьэр къэзытIэщIыжа, щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыха, нобэми жыджэру къытхэт тхьэмадэм лъэпкъым хуилэжьар къэпхутэну иужь уихьэми, тхылъ псо тептхыхь мыхъумэ, псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэну куэдщ. НобэкIэ лъэпкъ Iуэхур зэрагъэкIуатэ лэжьыгъэу щыIэр е ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыхилъхьащ, е абы и пщIэнтIэпс хэлъу зауэщIащ. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием пщIэшхуэ щиIэщ Мухьэмэд. Абы и щыхьэту, илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу ди унафэщI Къанокъуэ Арсен къыхуитхащ хъуэхъушхуэ икIи къыхуигъэфэщащ щIыхь тхылъ. Езы Мухьэмэд и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэм я закъуэ мыхъуу, ди академием къыдигъэкIхэми яхоплъэж, абы и нэIэ щIэту Iуэху зыбжанэ пхыдогъэкI иджыпсту. Иджыри илъэс куэдкIэ узыншэу лъэпкъым хуэлэжьэну, и лэжьыгъэм хуэфэщэн пщIэрэ щIыхьрэ игъуэтыжу тхуэпсэуну ди гуапэщ, - жиIащ Щхьэгъэпсор къыщыпсэлъам.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и щIэныгъэ, жылагъуэ лэжьыгъэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ абы и IэдакъэщIэкIхэр куууэ зыджа егъэджакIуэхэр, журналистхэр, филологхэр. Псалъэм папщIэ, ХьэфIыцIэм и IэдакъэщIэкI тхылъхэм зэхэгъэщхьэхукIауэ тепсэлъыхьащ Табыщ Мурат. Псом хуэмыдэу абы къыхигъэщащ «Адыгэхэр: дуней псом щынэхъыжь дыдэ лъэпкъхэм ящыщ зы» тхылъыр.

- Дунейм тхылъыщIэ къыщытехьэм деж, лъэпкъ щэнхабзэр ипэкIэ зэрыбакъуэм, щIэныгъэми зы дапэ зэрыхигъахъуэм шэч хэлъкъым. Ауэ щыIэщ иджыри зыфI, абы ущегупсыскIэ Iэджэ гугъапIи къыдэушу - ар тхылъым и мыхьэнэрщ, къэкIуэну лъэхъэнэхэм хэбэкъуэну, лъэпкъ щIэжыр имыгъэкIуэсэну иIэ гуащIэрщ. Мис апхуэдэ дыдэущ зэрытлъагъур ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и нэIэ щIэту иджыблагъэ «Принт-Центр» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа адыгэ щIэнгъуазэ тхылъымыр. Ар зэхэзылъхьари тедзэным хуэзыгъэхьэзырари Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и литературэ обозреватель, тхакIуэ Чэрим Марианнэрэщ. Тхылъыр фафIэшхуэщ, къызэрыкIуэкъым, щыпIыгъым деж къыуит гукъыдэжым и мызакъуэу, къызэгуэпхрэ итым ущыкIуэцIрыплъкIи узыIэпешэ. Ар зэхэзыгъэувахэр я IэдакъэщIэкIым ауэ сытми «сурэткIэ гъэщIэрэщIа щIэнгъуазэ хрестоматиекIэ» еджакъым. ЖыпIэну ирикъунщ напэкIуэцI 652-рэ хъу тхылъым сурэт къудейуэ 1538-рэ зэритыр, бзэм, щэнхабзэм, фIэщхъуныгъэм, пасэм щегъэжьауэ нобэм нэс адыгэм къикIуа жылагъуэ икIи политикэ тхыдэ гъуэгуанэм, географием, нэгъуэщI Iэджэми ехьэлIа жыIэгъуэрэ щыхьэтыгъэ защIэу мин зыбжанэ къызэрызэщIиубыдэр. Апхуэдиз инфор-мацэр тхылъеджэм зэригъэзэхуэфын щхьэкIэ, щIэнгъуазэр Iыхьэ 22-рэ хъууэ зэпыудащ, дэтхэнэми игъуэта фIэщыгъэмкIэ узыхуейр псынщIэу къыуигъэгъуэту. Псалъэм папщIэ: щIэнгъуазэм щхьэхуэ-щхьэхуэу щызэпэщIэхащ «Шэрджэсейр адыгэхэм я хэкущ», «Адыгэ мамлюкхэр», «Къэнжал зауэр», «Урыс-Кавказ зауэр», «Адыгэхэр Хэкум зэрырагъэкIамрэ хамэ лъэпкъхэр я щIыгум къызэрырагъэтIысхьамрэ», «Теплъэмрэ фащэмрэ», «Бзэмрэ тхыбзэмрэ», «ФIэщхъуныгъэмрэ динымрэ», «Адыгэ шхыныгъуэхэр», «Адыгэшыр», нэгъуэщI куэдми ехьэлIа Iуэхугъуэхэр, - жиIащ Табыщым.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэу щытыху газетым зэрызихъуэжам купщIафIэу тепсэлъыхьащ УнэлIокъуэ Вячеслав.

- Си нобэрей къэпсэлъэныгъэр зэхьэлIауэ щытынур илъэс 24-кIэ редактор нэхъыщхьэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд щылэжьа «Адыгэ псалъэ» газетым хуищIа хэлъхьэныгъэрщ. Абы и унафэщIу зэрылэжьа пIалъэм къриубыду газетым зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ, псом хуэмыдэу и лексикэр, и стилистикэр ефIэкIуащ, адыгэм я дуней псор къызэщIиубыдэф хъуащ. Псом ящхьэращи, «Адыгэ псалъэ» газетыр адыгэбзэкIэ къыдэпсалъэу, адыгэмэ къыкIэрихыу, адыгэпсэр къигъэушу, адыгэгу зиIэ псори дигъэгушхуэу адыгэ унагъуэхэм къихьэ хъуащ. Иужьрей лIэщIыгъуэм къриубыдэу хамэбзэхэм къыхэкIа псалъэу адыгэбзэм къыхыхьам хуэдиз ар мы дунейм зэрытетрэ къыхэхъуагъэнкъым. Ауэ, иужьрей илъэс тIощIрэ тхум къриубыдэу Мухьэмэд зы псалъэкъым къигъуэтыжу бзэм къыхигъэхьэжар. Апхуэдэхэщ «щэнхабзэ» (культурэ), «гъуазджэ» (искусство), «щIыуэпс» (природа), «узэщIакIуэ» (просветитель), нэгъуэщIхэри. Газетым къигъэхъуащ псалъэщIэхэри. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ «псыгуэн» (бассейн), «щIыIалъэ» (холодильник), «сабэщып» (пылесос), «мэзгъэфIэн» (заповедник), «псантхуэ» (нерв) щыIэцIэхэр. «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм «къагъэпсэужа» псалъэхэм я бжыгъэм иджыри тынш дыдэу пхухэгъэхъуэнущ, ауэ нэхъыщхьэр аракъым. Сыт къапэщылъыр а псалъэхэм? Къыхэгъэсэбэпыну бзэм хьэмэрэ ХьэфIыцIэм и лэжьыгъэр псэхэкIуадэ хъуну? Дауи, ар зэлъытар журналистхэм я закъуэкъым. АбыкIэ жэуап ехь дэтхэнэ адыгэми, - къыхигъэщащ щIэныгъэлIым.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и лэжьыгъэр къыпызыщэ журналистхэмрэ тхакIуэхэмрэ тхьэмадэм зэригъэсам, зэригъэхьэзыра Iэмалхэм тепсэлъыхьащ Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ.

- Мы зэIущIэм сыкъыщрагъэблэгъам, сыт сызытепсэлъыхьынур жысIэу, куэдрэ сыгупсысакъым. Къыхэсха темэри къысхуэмыIуэтэщIын хуэдэу хьэлъэкъым. Сэ журналистикэм зэрымыщIэкIэ сыкъыхэхьэкIуами, а лъагъуэм лъэ быдэкIэ сытезыгъэувар, щIыхь пылъу срикIуэну сызыгъэсар ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ. Сэ сыхимикщ. А унэтIыныгъэмкIэ магистратурэм сыщIэсу, зэрымыщIэкIэ, «Адыгэ псалъэ» газетым сыкъыхыхутауэ щытащ 2007 гъэм. Сызыхэхуа гупыр апхуэдизкIэ зэпIэзэрытт, зэрыIыгът, хабзэрэ нэмысрэ къыщекIуэкIырти, си лэжьыгъэр зытеухуа дыдэр къызгурымыIуэ щIыкIэ, газетым хьэщыкъ сыхъуат. Дэтхэнэ егъэджакIуэми гъэсакIуэми къыгурыIуэнущ абдежым ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэувэлIауэ щыта къалэныр - абы къыпэщылът япэ лъэбакъуэр зыч сабийм къэкIухьыкIэ зэрырагъэщIэм хуэдэу, сэ журналист къысхищIыкIыну. Ауэ сэ а Iуэхугъуэм зэ закъуи сригузэвакъым. Сыту жыпIэмэ, алъандэрэ щIэныгъэм имыщIыху Iэмал гуэрхэр къигъэсэбэпурэ, Мухьэмэд сиущия нэхъей, гу лъызмытэхэу адыгэ журналистикэм сыхэзышэсыхьащ. Адыгэ газетым ущыщылажьэкIэ, абы темэ куэд къызэщIеубыдэ. Политикэ, экономикэ, жылагъуэ лэжьыгъэм и закъуэ мыхъуу, адыгэ хабзэм, щэным, тхыдэм, бзэм зэпымычу утопсэлъыхь. Апхуэдэу, ди унафэщIым и фIыгъэкIэ адыгэр къызытехъукIа лъэпкъыжьхэм я тхыдэм, хэхэс адыгэхэр хамэщI къызэрыщыхутам, адыгэ мифологием, щымыIауэ жыхуаIэрэ щыIауэ къыщIэкIыж адыгэ тхыбзэм, археологие щыхьэтхэм, адыгэ хабзэм зыщызгъэгъуэзащ. КъищынэмыщIауэ... «Фыз хасэ щIэупщIэркъым!», - жиIэри, цIыхуу щыIэм я нэхъ Iущу, нартхэ я гуащэм ещхьу щытащ Сосрыкъуэ. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд ХасащхьэмхэтыфынукъилъытэриIи, бзылъхугъэ зыбжанэм яхуигъэфэщащ а щIыхьыр - лъэпкъым хуэлэжьэну, лIыщхьэхэм унафэ щащI утыкум дришэну. Абы къытхуищIа пщIэмрэ нэмысымрэ пэкIуэжыфыну зы Iуэхугъуэ закъуэщ щыIэр - ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и цIэр дымыгъэулъийуэ адыгэ лъэпкъым дыхуэлэжьэнырщи, тхьэмадэм и гугъэ нэхухэр зэрыдгъэпэжыным дытелэжьэнущ, - жиIащ абы.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 18,**
*щэбэт*

♦**1970 гъэм** Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ «Мадинэ» япэ адыгэ оперэр ягъэуващ.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Балъкъэр Руслан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градуси 5 - 8 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Мэлыжьыхьым и 19,**
*тхьэмахуэ*

♦**1937 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Журт Биберд**.

♦**1965 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-и профессор **Беслъэней Эдуард**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэших къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Мэлыжьыхьым и 20,**
*блыщхьэ*

♦**1932 гъэм** къалъхуащ режиссёр, УФ-ми КъБР-ми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Теувэж СултIан**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **НэщIэпыджэ Ибрэхьим**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Джырандокъуэ Михаил**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI, КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Ацкъан Руслан**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Щоджэн Ахьмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэших къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 34-рэ: 19-р хъыджэбз цIыкIущ, 15-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 25-рэ: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 11-р щIалэщ.

*Мэлыжьыхьым* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 430-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2734-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Жьыр щхьэукъуэрейщи, щIалэр джэгурейщ.**

● Полк уахътыншэ

# Дыкъэзыхъумахэр гум имыхуу

**Мы гъэм епщыкIутхуанэу Урысей Федерацэм щекIуэкIынущ «Полк уахътыншэ» жылагъуэ зэхыхьэ иныр. Ди къэралышхуэм хыхьэ щIыналъэ псоми, апхуэдэу хамэ щIыпIэ куэдми зыщызыубгъуа а пэкIур япэ дыдэу 2012 гъэм накъыгъэм и 9-м къызэрагъэпэщауэ щытащ. 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм я псэ емыблэжу хэта я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ зэращымыгъупщам и щыхьэту, цIыху мелуанхэр къалэхэм, къуажэхэм я уэрам нэхъыщхьэхэм къыдохьэ а махуэм, Хэку-анэр бий ерум щызыхъума я адэшхуэ-анэшхуэхэм, дадэшхуэ-нанэшхуэхэм я сурэтхэр лъагэу Iэтауэ яIыгъыу. Ди республикэм и къалащхьэ Налшык щекIуэкI апхуэдэ Iуэхугъуэхэм илъэс зыбжанэ лъандэрэ хэтщ Уэзыхэ Хьэсэнрэ Маринэрэ я къуэ зэтIолъхуэныкъуэхэу Залымрэ Алимрэ, Хэку зауэшхуэм хэта я адэшхуэ Уэзы Къанщобий Алихъан и къуэм (1903 - 1992) и фэеплъыр ягъэлъапIэу.**

УЭЗЫХЭ я унагъуэм сакъыу щахъумэ къызыхэкIа лъэпкъым теухуа хъыбархэр, сурэтхэр, гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэса тхылъышхуэр. Адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм зи лъабжьэр щызыгъэбыда а лъэпкъым и цIыху пажэхэм я жэрдэмкIэ дунейм къытехьа а къыдэкIыгъуэ хьэлэмэтым зэритымкIэ, Уэзыхэ Вольнэ Аул хьэблэр (Брамтэ) тIысыпIэ яхуэхъуауэ щытащ 19-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм. Совет властыр ди щIыпIэм щагъэувва нэужь, жылэм къыщызэрагъэпэщащ ЦIыхубэ совет. А лъэхъэнэм жылэм къыщащта унафэхэм щIэлъщ а советым дзыхь хуащIу хагъэхьауэ щыта къуажэдэс цIыхухъуипщIым я IэщIэдзыр, Налшык къалэбгъум щетIысэкIа а жылэшхуэм пщIэ зиIэу дэсахэм ящыща Уэзы Алихъан Сэралъп и къуэм ейри яхэту.

Жыджэрагъышхуэ хэлъу псэукIэщIэр зыухуахэм ящыщащ Алихъани абы къыщIэхъуа и бынхэри: Елмырзэ, Хъызыр, Къанщобий, ХьэкIулинэ, Зузэ, Хьэлимэт, ФатIимэт, МатIэ, Еруслъан, Iэубэчыр сымэ. Нэхъыжьхэми абыхэм къащIэува щIэблэхэми я гуащIэ куэд халъхьащ Вольнэ Аул жылэм совет зэманым щызэхэта колхозым, Ворошиловым и цIэр зезыхьэу щытам, зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм. А хозяйствэр и лъабжьэу нэхъ иужьыIуэкIэ, лIэщIыгъуэ блэкIам и 60 гъэхэм, къызэрагъэпэщауэ щытащ «Нальчикский» совхозыр.

Хэку зауэшхуэр къэхъея нэужь, Алихъан и къуэ Къанщобий япэу зауэм ираджахэм яхэхуащ. Бийм пэщIэува адрей совет зауэлI мелуанхэм хуэдэу, адыгэ щIалэри хъуащ Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ нэсхэм ящыщ. И адэанэмрэ анэкъилъхухэмрэ нэмыщI, Къанщобий пэIэщIэ хъуат езым и унагъуэм исхэу и щхьэгъусэ КIунэ (1908 - 1996 - ар Iэпщэхэ япхъут), нэ фыгъуэр зытрамыгъаплъэм хуэдэ и хъыджэбз цIыкIухэу илъэсищ ныбжьым ит Тамарэрэ зауэшхуэр къыщыхъея илъэс дыдэм дунейм къытехьа Ленэрэ. ФIыуэ илъагъуу и щIыбагъ къыдэт а цIыху псори зэрихъумэр гурэ псэкIэ нэсу зыхэзыщIэ Уэзыр жэуаплыныгъэ ин хэлъу зауэ IэнатIэм Саратов къалэм деж щыIухьащ.

Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, германыдзэхэр Саратов къалэм нэсыфакъым, атIэми, а жылэшхуэр ящыщащ а лъэхъэнэм къэралыр хъумэжынымкIэ стратегие мыхьэнэшхуэ зиIахэм. Зауэм хуэщIа техникэр, хьэпшыпхэр къыщыщIагъэкI промышленностым и IэнатIэхэр куэду здэщыIа а къалэшхуэр гъущI гъуэгу коммуникацэхэм я зэблэкIыпIэт. Абы ягъэIэпхъуэрт бийм иубыдынкIэ шынагъуэ къызыщхьэщыхьэ щIыналъэхэм я IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэри я цIыхухэри. КъищынэмыщIауэ, Саратов къалэм дэт дзэ еджапIэхэм къыщызэрагъэпэщ курс кIэщIхэм 1941 - 1943 гъэхэм щагъэхьэзыращ фронтыр зыхуэныкъуэ зауэлI гупхэр, дзэпщхэр.

Кавказ щIыналъэм икIа Уэзы Къанщобий, адыгэлI Iэчлъэчыр икIи къалэн къыщащI къалэнхэмкIэ жэуаплыныгъэ ин зыхэзыщIэр, занщIэу ягъэуващ Саратов къыщызэрагъэпэща ухуакIуэ батальоным и гупхэм ящыщ зым и пашэу. Къалэм куэду къагъэIэпхъуэ заводхэмрэ фабрикэхэмрэ я лэжьыгъэм щыпащэн промышленнэ IуэхущIапIэхэм я ухуэныгъэхэр псынщIэIуэу зэфIэхыныр, ахэр къызыхуэтыншэу, бийм имыкъутэфын хуэдэу щIыныр, апхуэдэуи зыхъумэжыныгъэ IэнатIэхэр ухуэныр я къалэнт Уэзыр зи пашэ ротэм хэтхэм. А лэжьыгъэхэр жэщ-махуэ ямыIэрэ еш жыхуаIэр ямыщIэу зэфIагъэкIыртзауэлIхэм,



Уэзы Къанщобий Алихъан и къуэр (1903 - 1992)

шхынкIи гугъу ехьрэ загъэпсэхунуи зэман мащIэ дыдэ фIэкIа ямыIэми. НэгъуэщIу хъунутэкъым - щытыкIэ къызэрымыкIуэм ихуа Хэкум и щхьэхуитыныгъэр хъумэныр елъытат дэтхэнэми и пщэрылъ къалэныр пэжу зэригъэзащIэм.

Апхуэдиз цIыхурэ техникэрэ здэщыIэ щIыпIэм нэсыну хущIэкъу бийр, щIылъэм щыхузэфIэмыкIми, кхъухьлъатэкIэ щIэх-щIэхыурэ къалэм къыщхьэщыхьэрти, лагъымхэр иридзыхырт, абы и уэгур хъумэным хуэгъэпсауэ къызэрагъэпэща Саратовско-Балашовскэ дивизэ хэхам и дзэхэр щыпэмылъэщи къэхъуу. А мафIаехэм хэкIуадэрт фронтым Iухьэну хунэмыса, абы хуагъэхьэзырхэм ящыщхэри, къалэм дзэ къулыкъур щезыхьэкIхэри, цIыху мамырхэри. А лъэхъэнэм Саратов къалэм мылъкукIэ хэщIыныгъэу игъуэтам и гугъу дымыщIми, бийм къридзых лагъымхэм иукIауэ щытащ цIыху 500-м нэс. УIэгъэ хъуахэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъыбэт.

Хьэуам щекIуэкI зэпэщIэувэныгъэр нэхъ гуащIэ хъуауэ щытащ 1942 гъэм и фокIадэ мазэм, нэмыцэдзэхэр Сталинград щынэса зэманым. Бийм уафэгумкIэ щригъэкIуэкI апхуэдэ ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым хьэлэч зэтрищIауэ щытащ Къанщобий зи унафэщI гупыр. Сэлэтхэм ящыщ зыбжанэ уIэгъэ хъуат, зи псэр зытахэри мащIэтэкъым. ЩIылъэм къаруушхуэ иIэу къыщыуа лагъым къутахуэхэм ящыщ къытехуэри, уIэгъэ хьэлъэ хъуат зауэлI хахуэ Уэзы Къанщобии.

Къалэм дэт уIэгъэщым куэдрэ щIэлъащ Уэзыр, фэбжь зыгъуэта и Iэ ижьыр мызэ-мытIэу операцэ хьэлъи ящIащ. НэхъыфI хъужа нэужь, зэуапIэм Iухьэжыну еIами, Къанщобий лъагъунлъагъу къагъэкIуэжащ щалъхуа щIыналъэм. ЗэрыщыIар зэман мащIэ дыдэми, а тIэкIури адэ-анэм, анэкъилъхухэмрэ и унагъуэм исхэмрэ гупсэхугъуэ мащIэ щагъуэта махуэхэт. Езы щIалэми фIыгъуэшхуэу къилъытэрт къэзылъхуахэр, къызыхэкIахэр зэрилъэгъуар, зыхуэзэша и нысащIэм зэрыIуплъар, гу зыщимыхуа ипхъу цIыкIуитIыр и IэплIэ хуабэм иригъэсыну, игъэфIэну Алыхьым Iэмал къызэрыритар.

Отпуск кIэщIым хухаха махуэхэр щIэх дыдэу блэлъэтри, Уэзыр аргуэру дзэм ираджэжащ. ЗэрыжаIэмкIэ, абы Iэмал иIащ зауэм имыгъэзэжыну, и Iэ ижьыр къызэрыдэмыбзым щхьэкIэ. АтIэми, Къанщобий хуэшэчакъым къыхуэныкъуэу къеджэжа Хэку-анэр игъэщIэхъуну. Зыпэрыта IэнатIэм Iухьэжри, иджыри илъэс бжыгъэкIэ къулыкъур ирихьэкIащ абы. Iэщэ иIыгъыу зауэ губгъуэм имытами, Уэзым хуэдэхэм а зэманым ягъэзэщIа лэжьыгъэхэр зыкIи нэхъ тыншытэкъым, къару нэхъ мащIи трагъэкIуадэртэкъым, жэуаплыныгъэ нэхъ цIыкIуи зыхащIэртэкъым. Фронтым Iут зауэлIхэм хуэдэу, ахэри псэзэпылъхьэпIэ IэнатIэт зыпэрытыр.

Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ иухыу илъэси дэкIыжа нэужьщ Уэзы Къанщобий Къэбэрдейм къыщигъэзэжар. Абы и бгъэгум щылыдырт зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэ лъапIэхэр. Апхуэдэхэт «Хэку зауэ» орденым и езанэ нагъыщэр, «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием дызэрыщытекIуам папщIэ» медалыр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, фIыщIэ тхылъхэр зауэм и ветераным мызэ-мытIэу иужькIи къыхуагъэфэщащ, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс бжыгъэ екIу щрикъу илъэсхэм ирихьэлIэу.

Мамыр гъащIэм лъэ бырдэкIэ хэувэжа нэужь, Уэзы Къанщобий яхыхьащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэтракъута цIыхубэ хозяйствэр зэзыгъэпэщыж совет цIыхубэм. И Iэ лъэныкъуэр къыдэмыбзми, лIыгъэрэ хахуагъэрэ зыхэлъ, лъэпощхьэпохэм къапикIуэту зи мыхьэл адыгэлIым лъэкI псори щищIащ я жылэм щызэхэт хозяйствэм. Ар къалащхьэм къыщызэрагъэпэща совхозым хагъэхьэжа нэужь, Къанщобий бжьэ гъэхъуным зритащ икIи ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу, хэхъуэфIхэр къриту а уней Iуэхум пэрытащ. Бжьахъуэ IэкIуэлъакIуэм и цIэр фIыкIэ жыжьэ Iуати, абы и деж чэнджэщакIуэ къакIуэрт гъунэгъу щIыналъэхэм къикIыурэ. Езыри ищIэ, зыхуэIэзэ, бгъэдэлъ щIэныгъэ псомкIи фIэфIу ядэгуашэрт, ядэIыпыкъурт зыкъыхуэзыгъазэхэм.

Унагъуэкiэ насыпышхуи игъуэтыжат Къанщобий. Абырэ и щхьэгъусэ КIунэрэ Хэку зауэшхуэм ипэ зэдагъуэта хъыджэбз цIыкIухэу Тамарэрэ Ленэрэ иужькIэ Тхьэшхуэр иджыри сабииплIкIэ къахуэупсат: пхъухэу Къэралхъан, Любэ, ФатIимэт сымэрэ Хьэсэн зыфIаща къуэ закъуэмкIэ. ГъащIэ кIыхь икIи купщIафIэ къэзыгъэщIа нэхъыжьхэм я бын псоми лъэпкъ гъэсэныгъэ дахэ ирагъэгъуэтащ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я гъуазэу гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ. Къанщобийрэ КIунэрэ я бынхэр, абыхэм къащIэува щIэблэхэр нобэ мэпсэу, лIыхъужьу, псэемыблэжу Хэку зауэшхуэм хэта я адэм, адэшхуэм, дадэшхуэм и фэеплъ нэхур яхъумэу, абы хуэдэ зауэлI хахуэхэм къытхуахьа мамырыгъэр зыхуэбгъадэ мыхъун фIыгъуэу, зыужьыныгъэм, зыузэщIыныгъэм я джэлэсу, шэсыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр гукIи псэкIи зыхащIэу.

Хэкур бий бзаджэм щызыхъума ди зауэлI хахуэхэм зэрахьа лIыгъэр цIыхубэм ягу зэрилъыр, я псэ емыблэжу фашистыдзэм пэщIэтахэм я цIэхэр дыщэпскIэ тхауэ къэрал тхыдэм къызэрыхэнар къэзыгъэлъагъуэ «Полк уахътыншэр» мы гъэм сыт хуэдэ щIыкIэм тету екIуэкIынуми (пэкIуу е онлайну) емылъытауэ, дапщэщи хуэдэу, абы жыджэру хэтынущ Уэзы Къанщобий Алихъан и къуэм и щIалэ закъуэ Хьэсэн и къуэхэр. Адэшхуэм теухуа лIыхъужь хъыбархэм фIыуэ щыгъуазэ Залымрэ Алимрэ зэрыжаIэмкIэ, ахэр иропагэ а нэхъыжьыфIым и щIыхьыр апхуэдэу зэрагъэлъэпIэфым.

- 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр ди къэралым и тхыдэм хэмыгъуэщэжын напэкIуэцIу къыхэнащ. ТекIуэныгъэ Иныр къэхьыным зи къаруи, гуащIи, узыншагъи хэзылъхьахэм ящыщщ ди дадэ Къанщобий. Дэ дыцIыкIуу дунейм ехыжами, ар дигу къокIыж зи нэгум гуапагъэ кърих цIыхуу. Апхуэдэт тIэкIу нэхъыбэрэ тхуэпсэуа ди анэшхуэ IэфI КIуни, - лIэужьыфIэ хъуа я дадэ-нанэм топсэлъыхь зэшхэр. - МафIае илъэсхэм щIыхь иIэу, къикIуэт имыщIэу пхыкIыфа дадэ и фэ идоплъ илъэс къэс накъыгъэм и 9-м ди къэралым Iэтауэ щагъэлъапIэ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм. Ди адэшхуэм къыщIэна щIэблэм а махуэщIыр дапщэщи дгъэлъэпIэнущ, а лъэхъэнэ бзаджэм хиубыдахэм, фронтым Iутахэм, фронтым и щIыбагъкIэ лIыгъэ зэрахьэу гуащIэдэкI лэжьыгъэхэр къезыхьэлIахэм я цIэхэр дигу къэдгъэкIыжу.

Хэку зауэшхуэм и ветеран Уэзы Къэралбий Алихъан и къуэм, еши къикIуэти зымыщIэу къэрал щхьэхуитыныгъэм псэемыблэжу щIэбэна, хуэлэжьа хэкупсэхэм хуэдэ зи щапхъэ щIэблэр ди къэралышхуэм, адыгэ лъэпкъым яхуэфащэу къызэрытэджым шэч хэлъкъым. Апхуэдэхэм я щапхъэщ зи адэшхуэ-лIыхъужьым и фэеплъыр гу лъащIэм щызыхъумэ къуэрылъхухэу Залымрэ Алимрэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мэлыжьыхьым и 20

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «В ПАРКЕ ЧАИР» (16+)
**00.05** «Время героев» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ТЕПЛЫЙ ВЕТЕР С СЕВЕРА» (16+)
**00.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.35** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ВЫСШАЯ МЕРА» (16+)
**22.15** Т/с «АГЕНТ НАЦИОНАЛЬНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ. ВОЗВРАЩЕНИЕ» (16+)
**00.40** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**01.15** Т/с «ПЕНСИЛЬВАНИЯ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.15** Х/ф «КРУТОЙ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «Москва фронту» (16+)
**11.25, 13.25, 15.05** Т/с «ПОЗЫВНОЙ «СТАЯ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**16.25, 17.15** Т/с «ПОЗЫВНОЙ «СТАЯ» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «СОШЕДШИЕ С НЕБЕС» (16+)
**01.00** Д/с «Шумшу. Последний бой. Курильская десантная операция» (12+)
**01.20** Д/с «Стрелковое вооружение русской армии» (16+)
**02.15** Т/с «ПОЗЫВНОЙ «СТАЯ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Черные дыры. Белые пятна
**08.00** Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
**09.30** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.10, 01.00** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Линия жизни
**13.55, 22.15** Т/с «ИДИОТ» (16+)
**14.55, 02.15** Д/ф «ЦСДФ. Точка отсчета»
**15.55** Агора
**17.15** С. Рахманинов. Концерт №3 для фортепиано с оркестром. 125 лет со дня открытия большого зала консерватории
**18.15** Рассказы из русской истории
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.35** Спокойной ночи, малыши!
**20.50** Д/с «Свидетели времени»
**21.30** Сати. Нескучная классика...
**23.10** Д/ф «Морфология депрессии»
**00.15** Д/с «Настоящая война престолов»

### МАТЧ!

**10.00, 12.55, 15.35** Новости
**10.05** Плавание. Кубок России. Финал. Трансляция из Санкт-Петербурга (6+)
**10.55** Дзюдо. Чемпионат Европы. Трансляция из Грузии (12+)
**11.45, 23.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.30** «Чемпионат мира-2026. Обратный отсчет» (12+)
**15.40** Смешанные единоборства. Г. Бернс - М. Мэлотт. UFC. Трансляция из Канады (16+)
**17.35** Плавание. Кубок России. Финал. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**19.05** Громко. Прямая трансляция
**20.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**21.35** Футбол. «Лечче» - «Фиорентина». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**00.55** Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура (6+)
**01.55** «Эволюция спорта» (12+)
**02.55** «Взойди на свой Олимп» (12+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Футзал. «Тюмень» - «Сибиряк» (Новосибирск). Бетсити. Суперлига (6+)

## Гъубж, мэлыжьыхьым и 21

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «В ПАРКЕ ЧАИР» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ТЕПЛЫЙ ВЕТЕР С СЕВЕРА» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.15** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**03.30** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)

### НТВ

**04.35, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ВЫСШАЯ МЕРА» (16+)
**22.15** Т/с «АГЕНТ НАЦИОНАЛЬНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ. ВОЗВРАЩЕНИЕ» (16+)
**00.40** «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
**01.15** Т/с «ПЕНСИЛЬВАНИЯ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.15** Т/с «ПОЗЫВНОЙ «СТАЯ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «По горячим следам» (16+)
**11.25, 13.25** Т/с «ПОЗЫВНОЙ «СТАЯ» (16+)
**13.55, 15.05, 17.15** Т/с «ПОЗЫВНОЙ СТАЯ-2» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ВТОРОЙ РАЗ В КРЫМУ» (16+)
**01.00** Д/с «Шумшу. Последний бой. Курильская десантная операция» (12+)
**01.25** Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
**02.00** Т/с «ПОЗЫВНОЙ «СТАЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ПОЗЫВНОЙ СТАЯ-2» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
**09.10** Д/с «Настоящая война престолов»
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.10, 01.00** «ХХ век»
**12.10** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Больше чем любовь
**13.45, 22.15** Т/с «ИДИОТ» (16+)
**14.40** Д/с «Забытое ремесло»
**14.55, 02.10** Д/ф «ЦСДФ. Точка отсчета»
**15.45** Сати. Нескучная классика...
**16.30** Эрмитаж
**17.15** Гала-концерт в БЗК. Запись 1966 года. К 125-летию со дня открытия большого зала консерватории
**18.15** Д/ф «Петр Великий. История с французским акцентом»
**19.00** Уроки русского. Чтения
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.35** Спокойной ночи, малыши!
**20.50** Искусственный отбор
**21.30** Белая студия
**23.10** Д/ф «Побег из одиночества»
**00.10** Д/с «Настоящая война престолов»

### МАТЧ!

**06.00** «Чемпионат мира-2026. Обратный отсчет» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.35** Новости
**07.05, 11.35, 00.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Специальный репортаж» (12+)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, мэлыжьыхьым и 25**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, мэлыжьыхьым и 26**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр:***
***10.00, 14.00 «ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр:***
***8.00, 15.00 «ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Сыт уи хъуэпсапIэ, жыIи къызэупщI

Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым литературэмкIэ и лауреат, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Руслан и къаләмыпэм къыщIокI усэ тхылъ телъыджэхэр. Къищынэмыщlауэ, Лермонтов Михаил адыгэхэм триухуа поэмибгъур Ацкъаным екIуу адыгэбзэм къригъэзэгъащ. Ахэр щэнейрэ дунейм къытехьащ. Литературэм и сыт хуэдэ жанр хэлэжьыхьми, Руслан лъэпкъым и блэкIам, и нобэм дыхегъаплъэ, гъуджэм къищым хуэдэу, цIыхухэр дахагъэм, гуапагъэм, фIым дыкъыхуреджэ. И усэхэми новеллэхэми философие гупсысэ куу ящIэлъщ, гъащIэм и купщIэм и жэуапыр къыщилъыхъуэу. УсакIуэм фIыуэ къохъулIэ литературэм и къалэн нэхъыщхьэр игъэзэщIэныр. Ацкъан Руслан къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ и усэщIэхэр.



## АЦКЪАН Руслан

* * *

Къэджащ кIыгуугури, сыпIейтейщ.
Абы сегупсыса къудейт -
зэхэзмыхыжт и макъ куэд щIауэ.
СфIощI иджыпстуи зигъэщIагъуэ,
къэджакъым, моуэ сигу къыдыхьэу.
Абы сылъыхъуэу зызоплъыхьыр.
Зызгъазэу макъыр къыздикIамкIэ,
соупщIыр гъащIэу къысхуэнамкIэ.
И макъ кIыгуугум зэхэзмых,
ар лъэтэжауи си фIэщ мыхъу,
сэ жэуапыншэу сыкъигъанэу.
Хуей хъункъым сигу игъэныкъуэну.
Дунейр щэху мэхъури пхыдэIукIыу,
зэхызохыжыр бгъэм къиIукIыр.
ЗэкIэлъигъакIуэу къеуэрт си гур,
зэрыджэм хуэдэурэ кIыгуугур…

* * *

Сыт уи хъуэпсапIэ, жыIи къызэупщI,
абыкIэ сэ къызэупщIыжыр мащIэщ.
ЖысIэнягугъэщ: «ПэкIу сывгъэпсэуж,
зыщызгъэнщIакъым сэ иджыри
гъащIэм».

Сыт уи хъуэпсапIэ жыпIэм -
хъуркъым куэд:
къэзжыхьу сыхэтынт гъэмахуэ
уэшхым,
къэлыдрэ уафэхъуэпскIыр щыблэ
уэжу.
Апхуэдэу уафэ гъунэм нэс сыкIуэнт.

Сыхуейт сэ сыхыхьэну псы къиуам,
абы сызэпрыкIыу сежьэжыну,
щызмыхыу си щыгъыныр
гъущыжыну.
Ар сымылъагъуу щытмэ, сигу
къеуэнщ.

СызыщIэхъуэпсым мыри
хэзгъэхьэнт.
Сэ фIыуэ слъагъу бзу цIыкIур тесщ
си жыгым.
Нэгъуэщ уэрэд жиIа нэужь ешыхукIэ,
си гуапэ хъунт, схуиустэм зы уэрэд.

Мис ахэр зэ нэхъ мыхъуми
слъагъужынщ,
армыхъумэ сыт хъуэпсапIэ
щIыфIэсщынур.
Сыхуейт абы иужькIи сыпсэуну,
а слъагъужауэ хъуар си фIэщ
сщIыжыху…

* * *

Гъатхэпэщ. Жыгхэм узэпхоплъыр,
дуней плIанэпэ къэскIэ плъагъуу.
Къудамэ щхьэкIэхэм яхэплъэт,
дэтхэнэ зыри ещхьщ бзу лъакъуэм.

Си гущIэм нэскIэ къигъэнэхуу,
иджыри уэсыр щIэтщ си нэгум.
Абы иджыри согупсысыр,
зэм-зэмкIэ си гур щIыIэм ису.

Сыт хуэди згъэунэхуарэ пэткIэ,
сыпоплъэ сэ щIэщыгъуэ гуэрым.
Зыщ сщIэр: дахагъэр къокIуэ уэру,
абы сыхуэхьэзыру пIэрэ?

Тодие си нэр уафэ гъунэм.
Къызэдэжэну уващ пшэхэр.
Куэд мыщIэу щыблэ уэнкIэ хъунущ,
аращ дунейм зезыгъэущэхур…

* * *

Бзум зеIэтыр, жыг щхьэкIэм полъэтри,
напIэзыпIэм уэгу къащхъуэм
щыщ мэхъу.
Мэщхъыщхъ тхьэмпэхэр. Бзум и
уэрэдыр
зэрагъащIэу абыхэм къысщохъу.

МэIущащэ дунейр нэху зэрыщрэ,
пшэ нэгъунэ а макъым дотхьэ.
Нэгу щIокIыж гъащIэ кIыхьыр
щIэрыщIэу,
пыкIыу сигу, абы зыри хэзмых.

Къэфэныгу хъуа жьы пакIэр
къожажьэ,
къэнжал кIапэ, сигъащтэу, мэзу.
Къолъэхъшэхри, щызоуэ
мыжьыжьэу
куэдым ягу зыхьэхуа нетIрей бзур.

Зелъэтэнщ ар, ешыхукIэ и дамэр,
сфIощI уэрэд зыжриIэнур къыхих.
СыкIиинт, зэхихыну щытамэ:
«Сэ мыбдежым сыщытщ,
къысхуеплъых!..»

* * *

Сыт мывэм сэ хэсщIыкIыр?
И бзэр зэрыбыдэр сощIэ,
ауэ игу щызэблэкIыр
жиIэну зэми хуожьэ.

Мывэр сотхьэщIыр къабзэу,
лэдэхэр къыхэзгъэщу.
Дыгъэр къытызогъапсэ,
игъафIэурэ игъэгъущу.

Псэ яхэт къысщыхъуат сэ
мывэм хэслъагъуэ сурэтхэм.
Бзум ещхь къащыхэзгъуатэм,
сфIощI ежьэжын, къыхэлъэту.

КIуэху нэхъ гумащIэ сыхъуу
сытолъэщIыхь мывэм куэдрэ.
ДяпэкIэ сэ сыт щыгъуэ
мы псыхъуэм сыкъыщыкIуэнур.

Мывэм сыбгъэдэсынут,
ауэ си пIалъэр сощIэжыр.
Ар къэпсэлъэн хьэзыру
къыщысфIэщI дыдэм сожьэжыр…

* * *

ЦIыху зыщIэмыс унэр,
сощIэ, нэхъ щIэху жьы мэхъу.
Ар зэшым къыхэкI къысщохъу -
хэт зэшым текIуэнур.

ЦIыху зыщIэмыс унэр
ещхьщ зымылъагъум и нэм.
Дуней нэщI сытет къысфIощI,
сыщыщIэтым унэ нэщI…

* * *

ХовыкIыж хуэм-хуэмурэ си узыр,
Сесэжащи, сфIощI сыхуэзэшын.
Мы дунейр зищIысым сегупсысу
хэт жэщ къэскIэ сыкъигъэушын?

ЗэрыщыIэр уз шынагъуэ сощIэ,
мыр узмыгъэлIэнухэм ящыщщ.
Абы фIыуэ сегъэлъагъур гъащIэр,
езым сытекIуэну сещI ерыщ.

Сыхъужынщ сэ, гъатхэр къызэрысу,
ауэ сщIэкIа узыр сигу къинэнщ.
Къасщlэу нэщхъей вагъуэхэм
къеузыр,
ар мыхъуатэм, дэнэ сыщесэнт?…

* * *

Си блэкIам зэм-зэмкIэ сохъуэпсэж,
ар и фIэщ пхуэщIынукъым си щIэблэм.
Сщыгъупщэн хуеякъым, сахуозэш,
ящыщ хъунщи си къарур зыхэлъым.

Зэпымычу нэгум къыщIохьэж
мы теплъэгъуэр, тепыIэншэ сищIу:
псыежэхыр къысхуеплъэкIыу блож,
ирехьэх псыпыхур, тхыгъэм ещхьу.

Сыпсэуфу дауэ зезгъэсэн,
мис мыпхуэдэ гуэрхэр симыIэжу:
илъэс куэдкIэ къуаргъ кхъужьейм
тесащ,
хэтагъэнт зыгуэр сэ къызжиIэну.

Си блэкIам зэм-зэмкIэ сыхуозэш,
гукъэкIыжхэм яхузощIыр фIыщIэ.
Згъэзэжын хуей щыхъум -
сыщIогъуэж,
дэнэ къисхыжын слъэгъуахэр фIыщэу?

Къызолъыхъуэ нобэ сщIын си фIэщ,
кIуэху нэхъыбэ мэхъур жызмыIэфыр.
КъызгуроIуэ: сэ сыкъэгуващ,
сигу пымыкI зэпытурэ псэм фIэфIыр…

* * *

Аргуэру зэхызох щхъыщхъ макъ,
сыт щыгъуэ къыщысар мы
бжьыхьэр?
Сыпежьэм сфIэфIщ - си гуапэ мэхъу
гушхуауэ хадэм къызэрихьэр.

Жьым тхьэмпэ гуэрхэр кърехьэкI,
игъафIэу арщ, щIэщыгъуэ щохъури.
Нэхъапэм си гур зэригъэшхт,
иджы щхъыщхъ макъ здэщыIэм
сокIуэ.

Щхъыщхъ макъыр Iэджэм хъунущ
фIэщ.
СфIэфIщ псы толъкъунхэр
зэрыщхъыщхъыр,
Бгъэ дамэр зэрыщхъыщхъыр
сфIэфIщ,
ар хэт зэрымакъамэр зыщIэр.

Щхъыщхъ макъ нэхъ кIыхьу
зэхызох,
къыщIокI нэсауэ бжьыхьэр и кIэм.
Пылъэлъыж тхьэмпэм нэр хуэзэху
сэ сщIэркъым гъатхэр сигу
къыщIэкIыр…

* * *

Бзу лъагъуэ уэсым зэпрокI,
арыххэу сыдехьэх а тхыпхъэм.
Ар мыткIуэжам арат, сигу къокI,
сурэт ищIын щIидзэхукIэ гъатхэм.

Бзу лъагъуэр жыгым екIуэлIащ,
модрейри гуапэу къыхуоплъыхьыр.
Жыг тхьэмпэ уэсым къыхэплъащ,
и щIыбым ирикIуар къилъыхъуэу.

Куэд щIауэ уэгум ихьэжат
щIым зыщиIэжьэ зимыхабзэр.
Къыкъуэумэ жьы, щIихъумэжынщ
бзу лъагъуэ псыгъуэр, ещхьыр
лъабзэм.

АрщхьэкIэ уэсым хэщтыхьар
къэпсэужынщ, щIымахуэр икIым.
Си нэгу итIанэ къыщIыхьэнщ
ежэхыу, псыхьэлыгъуэм хэпкIэу…

* * *

Зы псэ закъуи щымыдым мы щIыпIэм,
сэри нобэ зыри симыгъусэ.
Псы инар бадзапщIэм я джэгупIэщ,
хэтщ къурагъэлыну ар гупсысэм.

Акъужь мащIэр къеIусащ нэкIущхьэм,
къысщыхъуащ ар мы дунейм и бауэ.
Псы инам сыхэплъэу
зыщызгъэщхьым,
зэхэсхащ бадзапщIэр зэрыбауэр…

* * *

Сапоплъэ пшэхэм махуэ къэс.
Яхэтщ абыхэм зызыIэжьэ.
Нэгъуэщ Iхэр напIэзыпIэм къос,
къурапхъыхын къысфIэщIу яжьэ.

Нэхъ сызэжьахэм ящыщ зыщ
мо къехын хуэдэурэ зызыщIыр.
Абы сэ Iэджи къысщебзыщI,
собзыщIыр сэри ар зэрысщIэр.

Уэгу гъунэм носри, мэукIытэж,
ар и нэкIущхьэм къегъэлъагъуэ.
Абы игу илъым сыподжэж,
ущIэукIытэни хэзмылъагъуэ.

Сагъэшынэну зыкъысхуащI
адрейхэм, мафIэр къаIурылъэлъу.
ЯмыщIэр зыщ: сэ ари сфIэфIщ,
аращ гурыщIэр къезыгъэблыр.

Мыр пшэхэм сэ яжезмыIэф,
зэхахыу, кIэщIу, гурыIуэгъуэу:
нэхъапэм хуэдэу уэших хуабэфI
къешхыжкъым - ар си
гуныкъуэгъуэщ…

* * *

Псыр мэгупсысэ.
Гупсысэурэ йожэх.
Зэм и толъкъунхэр Iупэу фIызэтожыр,
зэм, къэгъэшыпIэм носри, зеущэху,
апхуэдэм деж къысфIощIыр
къигъэзэжу.

Абы къыфIебл гупсысэр зыхэт псор,
сехъуапсэ пэтми, дэнэ сэ щысщIэну.
Псыр гупсысэхукIэ - сэри сымыпсэху,
ар, ткIуэпс фIэкI къэмынами,
гупсысэнущ.

Илъэсхэр макIуэ.
Зыр адрейм къытож.
Псым дэрэ ди гъуэгуанэр зэхэкIынущ.
И Iупэр толъкъун пIащIэу зэтыреж,
сэ къыспыщIауэ зыгуэр
игу къэкIыжым…

*Зыгъэхьэзырар* ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

# Уэрэд, къафэ, гукъыдэж

**ЩIалэгъуалэм я унэм мэрем кIуам Iэтауэ щызэхуащIыжащ «Урысей школ гъатхэ» фестивалым и щIыналъэ Iыхьэр. Мы зэхыхьэр илъэс къэс ирагъэкIуэкI «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэмрэ ЩIалэгъуалэм я урысейпсо союзымрэ. Мызыгъуэгуми КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэр я дэIэпыкъуэгъуу къызэрагъэпэщащ.**

РЕСПУБЛИКЭ Iыхьэм ди хэгъэгум щыщ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм Iэмал щаIэщ я зэфIэкIыр утыку щагъэлъэгъуэну, езыхэм яхуэдэ щIалэгъуалэм япеуэну, икIи утыкушхуэхэм ихьэну трегъэгушхуэ.

Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу щыIэ Бэдракъ Iэминэ, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ахметов Артур сымэ.

- Хуабжьу сыщогуфIыкI мыпхуэдиз ныбжьыщIэ зэчиифIэ зэрыдиIэм, фIыщIи фхуэсщIыну сыхуейщ дыкъыщыщIыхьэм къытхуэфщIа гулъытэм папщIэ, нэхъыжьым игъуэтыпхъэ пщIэр къэвгъэлъэгъуащ. Фестивалыр мыпхуэдизу дахэу, Iэ-тауэ зэрекIуэкIыр фэращ зи фIыгъэр, фэ вбгъэдэлъ зэчиймрэ фи унэтIакIуэхэм я лэжьыгъэ мыкIуэщIымрэщ зыгъэлъапIэр. КъэкIуэну гъунэгъум фэ фщыщ куэд уэрэджыIакIуэ е къэфакIуэ цIэрыIуэ хъуну согугъэ, абы щыгъуэм деж япэ лъэбакъуэ щыфча мис мы утыкур, фи республикэр сэбэп зэрыхъуар, ар фи щIыбагъ къызэрыдэтыр зыщывмыгъэгъупщэ, - жиIащ Къардэн Мурат. - Интернетым, акъыл IэрыщIым и лъэхъэнэм хэпсэукI дэ тIуащIэу дыщыгуфIыкIын хуейщ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм, фэ мыбдеж фыщызэроцIыху, фыщызопсалъэ, зым и зэфIэкIым адрейм щапхъэ трех, мис ар лъапIэныгъэшхуэу зэрыщытыр фщIэну сыхуейщ. КъищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр цIыкIу щхьэкIэ, совет лъэхъэнэми, федерацэм и зэманми гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэ цIыху щэджащэхэр къихъуащ. Нобэ фэри къыфхэтщ а унэтIыныгъэм лъагъуэ ин щызыхэзышэнухэри. Апхуэдэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ къызэгъэпэщакIуэхэм, мыпхуэдиз ныбжьыщIэм я зэчийм хэплъэу нэхъыфIхэр къыхэзыха къэпщытакIуэхэм. Дэтхэнэми фIы къыфпэплъэну, фи зэфIэкIым адэкIи зевгъэужьыну Iэмал фиIэну сынывохъуэхъу.

Школ гъатхэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэлъщ. ЯпэщIыкIэ щIыналъэхэмрэ къалэхэмрэ къыщыхах республикэ зэпеуэм кIуэнухэр, зыхуэфащэхэр хэгъэгу Iыхьэм щызэрихьэлIэжа нэужь, зи зэфIэкIкIэ адрейхэм ефIэкIхэр ягъэпажэ, къэпщытакIуэхэм нэхъыфI дыдэу къалъытэхэр урысейпсо зэхьэзэхуэм яунэтI.

КъэфэнкIэ, уэрэд жыIэнкIэ къыхэжаныкIахэм фестивалым и лауреат зэрыхъуамкIэ щыхьэт тхылъхэр иратыжащ.

ЗэIущIэр ныбжьыщIэхэм я концерт дахэкIэ иухащ.

**ШЭРIУЖЬ Даянэ.**

**● Мэкъумэш хъыбархэр**

## ЩIы нэхъыбэ хухах

**УФ-м и мэкъумэшыщIэхэм гъавэ зытращIэ щIым и куэдагъым илъэс къэс къыхагъахъуэ зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, 2026 гъэм къэралым и мэкъумэшыщIэхэм къалэн зыщащIыжащ гъавэр гектар мелуан 83,1-м тращIэну. Абы нэмыщI, плъапIэхэр щыIэщ 2030 гъэм ирихьэлIэу мэкъумэш къэкIыгъэхэм хухах щIым иджыри гектар мелуан 13,5-рэ къыхашэну.**

ДЫЗЭРЫТ илъэсым гуэдзу, хьэуэ, рапсу, соеу, прунжу, тхъуийуэ, кIэртIофрэ хадэхэкIыу ящIэм и куэдагъым хагъэхъуэнущ. УФ-м и Къэрал Думэм Мэкъумэш IуэхухэмкIэ и комитетым и зэIущIэм ар щыжиIащ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Лут Оксанэ.

2026 гъэм гъавэм хухахыну щIым и куэдагъыр гектар мин 600-кIэ нэхъыбэнущ нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм елъытауэ, къыщыхигъэщащ а зэхуэсым Комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэ Оглоблинэ Юлие.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкI продукцэм и куэдагъым хагъахъуэ зэпытщ: бжыгъэфIхэр щыIэщ хьэцэпэцэмрэ джэш хъуреймкIэ, сэхуранымкIэ, хадэхэкIхэмрэ кIэртIофымкIэ. Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу къарахьэлIэжар тонн мин 1103,7-рэ хъуащ е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 107,4-кIэ хуэкIуэу, къыщыдыщIагъужащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

## ДжэдыкIэм хагъахъуэ

**2026 гъэм и щIышылэм - мазаем къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм джэдыкIэу кърахащ мелуани 7,4-м нэблагъэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 7,3-кIэ нэхъыбэщ ар, къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм, абыхэм я нэхъыбэр инкубаторхэм къыщагъэхъуащ.**

Ди республикэм джэд гъэхъуным нэхъ щегугъу мэкъумэш IуэхущIапIэхэр здэщыIэр Бахъсэн, Прохладнэ, Май районхэрщ. ЖыпIэнурамэ, а щIыналъэхэм ящыщу джэдыкIэмкIэ хэхъуэ нэхъыбэ зиIэр Бахъсэнырщ - процент 11,4-рэ. Прохладнэм - проценти 3-кIэ, Майм - процент - 0,2-кIэ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэгъусэу джэдыкIэу кърахащ мелуан 26,7-рэ икIи 2025 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 2,8-кIэ нэхъыбэщ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**



# IэщIагъэм гуапагъэ хелъхьэ

***Балэгъы Лианэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм щыщщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым медицинэмкIэ и къудамэм «Лечебное дело» IэщIагъэр щызэригъэгъуэтащ, ординатурэмрэ аспирантурэмрэ зэрыцIалэ узыфэхэр щиджащ. Кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ, абы щыхьэт техъуэ дэфтэрыр къыIэрыхьэжыну поплъэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм ЩIэныгъэхэмрэ инновацэхэмкIэ и саугъэтыр 2020 гъэм зыхуагъэфэщахэм ящыщщ.***

**- Дохутыр IэщIагъэр щхьэ къыхэпха Лианэ?**

- IэщIагъэу къыхэпхынкIэ хъунум теухуауэ мыхьэнэшхуэ яIэщ курыт еджапIэм ущиIа егъэджакIуэхэм. Къулъкъужын Ипщэм дэт езанэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэхэм икъукIэ хэлъэт яIэщ сабийм ядэлэжьэнымкIэ. ФIыщIэшхуэ яхузощI. IэщIагъэм и закъуэкъым, хэбгъэзыхьмэ, зи гугъу щIыпхъэр. АтIэ цIыхум и хьэл-щэныр псыхьынымкIэ егъэджакIуэм къаруушхуэ иIэщ, абы и псалъэмрэ и чэнджэщхэмрэ, и дерсхэр куэд я уасэщ.

**-Уеджэнымрэ улэжьэнымрэ дэтхэнэр нэхъ гугъу?**

- Уеджэну нэхъ гугъущ. Сымаджэм и узым упэщIэувэн папщIэ, абы теухуауэ куэд уеджа къудей мыхъуу, и гъэхъужыкIэри плъэгъуауэ щытын хуейщ. Студентым а псор зэригъащIэ къудейщи, жэуаплыныгъэхэм иджыри хуэхьэзыркъым. Узыфэ гуэрым япэ дыдэу ущыпэщIэувэм деж, дауи, гугъущ - пщIэркъым абы и пIалъэр. Кандидат лэжьыгъэмкIэ си щIэныгъэ унафэщIым куэдрэ къызжиIаращи, еджэнымкIэ егъэлеяуэ гугъу зебгъэхьын хуейщ, лэжьыгъэр тынш къыпщыхъун папщIэ. Аращи, щIэныгъэ зэхуэпхьэсыныр нэхъ гугъущ. Куэд уоджэ узыфэхэм, ахэр зэрагъэхъуж Iэмалхэм, сымаджэм и щытыкIэм теухуауэ. Ауэ лэжьэн щIэбдза нэужь богъэунэху мыри: а узэджам техуэ дыдэу сыт щыгъуи щыткъым сымаджэ къыпхуашам и щытыкIэр, атIэ зыгуэрхэмкIи къыщхьэщокI. Абы къокI сымаджэ къэс и узыфэр набдзэгубдзаплъэу къэпхутэн, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ къыхуэбгъуэтын хуейуэ.

**- Мы зэманым студентхэр ибогъаджэ. ЗэрысщIэмкIэ, дохутыру сымаджэщым ущылэжьащ нэхъапэIуэкIэ...**

- Ординатурэм сыщеджэу, «Ковид-19» узыфэм дунейр зэщIищтат. Сызэреджэм хуэдэу, узыфэ зэрыцIалэм пэщIэувахэм сахыхьащ. ЯпэщIыкIэ, ди къудамэм егъэщIылIауэ сылэжьащ, иужькIэ Прохладнэ районым «Ковид - 19» -м щыпэщIэт сымаджэщ къыщызэIуахати, абы пIалъэкIэ сыщыIащ. Иджыри аспирантурэм сыщIэсу, сымаджэщ №4-м, Налшык дэтым, дохутыру сыуващ. Абы жэщкIэ къанэ дохутыр плъырхэми сахэтащ. ЗэрыцIалэ узыфэхэмкIэ кафедрэм и студентхэм садолажьэ мы зэманым. Кафедрэр а узыфэ дыдэхэмкIэ сымаджэщым епхащ. Си кандидат лэжьыгъэр Москва щыпхызгъэкIащ.

**- «Ковид - 19»-р узыфэ къудей мыхъуу, гузэвэгъуэшхуэт. Республикэр абы зэрыпэщIэтам укъытезгъэувыIэнут...**

- ЦIыхубэр зэрыIыгъыу зы мурадым тегушхуэмэ, я къарум къыхохъуэри, куэди яхузэфIокI. «Узым дытекIуэн хуейщ!» - аращ цIыхухэм а зэманым я гум быдэу илъар. Дохутырхэри сымаджэхэри узыфэм текIуэн хуейти я дзыхь зэрагъэзащ. Узыфэм дызэрыпэщIэтыну хущхъуэхэмрэ медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ зэи дыщыщIакъым. Щэхурыпхъуэу къыщIэкIат ковидыр - сымаджэм и щытыкIэм зэуэ зыкъызэридзэкIыфынут, лъэрытетыр хьэлъэ хъункIэ хъунут дакъикъэ бжыгъэм. Асыхьэту абы ехьэлIапхъэр уимыIэмэ, узым къыIэщIумыгъэкIыфынкIэ шынагъуэ щыIэт. Абы къыхэкIыу, дызыхуэныкъуэ хущхъуэхэр димыIэу хъунутэкъыми, къэралым дыкъызэригъэпэщащ дызыхуеину псомкIи.

Сымаджэхэм къагурыIуэрт дохутырым и жыIэм сыткIи тетын зэрыхуейр. Хьэлъэ дыдэхэри диIащ, сэбэп дахуэхъуфыным шэч къытетхьэу. Абы щыгъуэм нэхъыщхьэу мыхьэнэ зиIэр езы сымаджэр къебгъэрыкIуа узым и лъэр щIиудыну зэрытегушхуэрт. «Сымыхъужу хъунукъым, унагъуэр къыспоплъэ, къысщыгугъухэр утыку къизнэ хъунукъым» жаIэрт, ар быдэу я гум иралъхьэрти, лъэрытет хъужыху, зы тIэкIунитIэкIи махэу зыкъагъэлъагъуэртэкъым - езэуапэрт узым. ЖысIэнуращи, сымаджэр езыри къыбдоIэпыкъу абы сэбэп ухуэхъун папщIэ.

**- Уи IэщIагъэм епхауэ куэдрэ къэбгъэсэбэп тхылъ уиIэу къыщIэкIынущ ...**

- Дохутырхэр дролажьэ, куэдрэ къыдощтэ Лобзин Юрий и «Инфекционные болезни» тхылъыр. Студентхэм дащыдэлажьэкIэ, дерсыр къащыгурыдгъаIуэкIэ къыдогъэсэбэп Шуваловэ Евгение и «Инфекционные болезни» - р.

Художественнэ литератури седжэну сфIэфIщи, си гуапэу къыхэзгъэщынут Чехов Антон и рассказхэр, Пушкин Александр, Асадов Эдуард я усыгъэхэр.

**- Студентхэр щIэныгъэм хуэпабгъэрэ?**

- Студентхэр еджэным теухуауэ нэхъыбэу жэуап зыхьыр езыгъаджэхэрщ. Аращи, Iэмал псори къыдогъэсэбэп. «Фэ зы къалэн закъуэщ фиIэр - феджэн хуейуэ аращ», - яжыдоIэ, щапхъэхэр къахудохь. Терапием, хирургием, офтольмологием, нэгъуэщI медицинэ IэщIагъэхэми епхащ зэрыцIалэ узыфэхэмкIэ щIэныгъэр. Абы къыхэкIыу куэдым хэтщIыкIын хуейщ дохутырхэм. Студентхэм ядогъэлъагъу сымаджэр зэрагъэхъуж Iэмалхэр, зигу къыдэмыжу къэкIуам япэу ират упщIэхэми щыдогъэгъуазэ . Ахэр «дежурствэ» щIэдгъакIуэр дохутырхэм я лэжьэкIэм хуиту кIэлъыплъыну Iэмал яIэн щхьэкIэщ. ДызыщыгуфIыкIщи, ди студентхэр гурыхуэщ, тегушхуауэ икIи набдзэгубдзаплъэу щIэныгъэм зрапщыт. ДиIэщ, «нобэ IэнатIэ бгъэуву бгъэлажьэми укъигъэщIэхъунукъым» жыхуэтIэхэр. Яхэтщ, тIэкIу нэхъ лейуэ гугъу зыдебгъэхьрэ зэман нэхъыби тебгъэкIуадэмэ, зыкъызэкъуэзыххэри. «Сымаджэм сэбэп хуэхъун щхьэкIэ и къаруи и зэмани еблэжынукъым» зыхужытIэ студентхэми гугъэшхуэ дагъэщI.

Ди студентхэм захуэзгъэзэну сыхуейт: «Ерыщу феджэ, фыкъэмыувыIэ, фыкъимыкIуэт! Гум фIэфI IэщIагъэр къызэрыхэфхам фыщыгуфIыкIынущ медицинэ щIэныгъэм и щыгумкIэ фыплъа нэужь. Апхуэдизу гугъу къывдехь адэ-анэхэри фэркIэ гушхуэнущ итIанэ!»

**- Дохутырым Iэмал имыIэу хэлъын хуей хьэл - щэн щыIэ?**

- Зэи къикIуэтыж хъунукъым сымаджэр и закъуэу утыкум къринэу. Гиппократ тхьэрыIуэр игъэпэжын хуейщ. Ар гущIэгъу къудейкъым, атIэ жэуаплыныгъэщ икIи зригъэгъуэта щIэныгъэм къыщищI къалэнщ.

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**




# Нэм и узыр нахуэщи, гум и узыр щэхущ

Набдзэ къурашэщ, яшэн хьэзырщ - Хъыджэбз дахэ зи шэгъуэ хъуам хужаIэр.

Напэ дахэм шху трашхыкIыркъым - ЦIыхур теплъафIэрэ, хьэл-щэн дахэ хэмылъмэ, мыхьэнэ иIэкъым, жыхуиIэщ.

Нэм екIур пкъым йокIу - ЗэбгъэкIумэ, къозэгъ, жыхуиIэщ.

Нэм и узыр нахуэщи, гум и узыр щэхущ - Уи нэкIэ плъэгъуар пхущIэхъумэжынукъым, ауэ гум щыщIэр нэрылъагъукъыми къэщIэгъуейщ.

Нэм нэр зэщIешэ, гум гур къреджэ - ЗэгуэкIуаитIыр зэрощIэ, жыхуиIэщ.

Нэм щIэтыр, нэм хуэдэщ - Уигу пхуимыгъэкIыр уи нэ-уи псэу уолъагъу, жыхуиIэщ. Абы нэмыщIу, нэхъыбэрэ плъагъур, уи нэгум щIэт зэпытыр нэхъ благъэ мэхъу, жыжьэ щыIэм нэхърэ.

Нэфыр тхьэIухуд хъужынукъым - ЦIыхур къызэригъэщIам зыри пхуещIэжынукъым, жыхуиIэщ

НэфIэгуфIэ и нэм дыщэ IуэнтIа щIэлъщ - НэфIэгуфIэм удехьэх, жыхуиIэщ.

Псы ухуэлIэмэ, IэфIщи, фIыуэ плъагъур дахэщ - ФIыуэ плъагъур уи дежкIэ псом нэхърэ нэхъ дахэщ.

Пщащэ дахэ лIыгъапцIэщ - Пщащэм и дахагъым зыдумыгъэхьэх, и хьэл-щэн зэгъащIэ, жыхуиIэщ.

Псэм фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ - Гум дыхьэр дахэу къыпщохъу, жыхуиIэщ.

Спкъырыт лъагъуныгъэм сыригъуэгурыкIуэщ - Лъагъуныгъэм зи гур иIыгъым, абы щхьэкIэ куэд зышэчым хужаIэ.

Сыкъамыдэм сырадахэщ - Зи дахагъыр зи напщIэ телъ хъыджэбз щыкIам хужаIэ хабзэщ.

ТхьэIухудым хуэдэу дахэщ - ЦIыхубз дахэм хужаIэр.

Убыдэмэ удахэщ, удахэмэ ухейщ - Уи псалъэм утетыжмэ, абы уегъэдахэ, упэжмэ, ухейщ, жыхуиIэщ.

## ● Шхыныгъуэхэр

### Тхьэв дэщIыгъуу гъэва джэдыщIэ



Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ягъэгъущ, зэпкърах, шыуан лъэщIабгъуэм иралъхьэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэ, шыгъу тракIутэ, тхьэв ягъэхьэзырар лым и щIыIум сатыру тралъхьэ, шыуаныщхьэр трапIэжри, зэ къытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ мафIэ цIыкIум тету лыри тхьэври хьэзыр хъуху, дакъикъэ 20 - 25-кIэ, ягъавэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ тхьэв вар тепщэчым иралъхьэ, абы лыр тралъхьэ, зыхэвыкIа лэпсым щыщ тракIэж. Пщтыру яшх.

*ТхьэвыР зэращIыр:* Гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIам и кур кумб ящI, абы шыгъу, джэдыкIэ хэлъу псы щIыIэ иракIэри, фIыуэ япщ. Нэхъ щабэ хъун щхьэкIэ ар хъыдан тепхъуауэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ щагъэт. Хьэзыр хъуа тхьэвыр хьэжыгъэ зытеуда Iэнэм тралъхьэри, и Iувагъыр мм 2, и кIыхьагъыр см 55, и бгъуагъыр см 30 хъууэ хупхъэкIэ яху. Абы и щIыIум тхъу щахуэ, бжьын цIынэ, къуэнтхъурей упщIэта, шыбжий сыр, джэдгын, бурш хьэжа тракIутэ. ИтIанэ тхьэвыр жэрумэм хуэдэу яшыхь мыгъум дыдэу, и кIапэр джэдыкIэпскIэ зэтрагъэпщIэж, и кIыхьагъыр см 2, и хьэлъагъыр г 20 - 25-рэ хъууэ сэкIэ зэпаупщI.

*Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):* джэдылу - г 500, псы щIыIэу грамм 230-рэ, гуэдз хьэжыгъэу грамм 350-рэ, тхъууэ грамм 50, зы джэдыкIэ. Бжьын цIынэу, къуэнтхъурейуэ, шыгъуу, шыбжийуэ, буршу, джэдгыну узыхуейм хуэдиз.

### ХьэлIамэ-кIупIинэ

Нартыху хьэжыгъэкIэ япща тхьэвым я Iэр псы щIыIэм хащIэурэ хьэтыкъ хуэдизурэ тхьэв тыкъыр къыпач, топ цIыкIу хуэдэурэ ягъэджэрэзри, абы и кум хуэзэу кумб хуащI, джэдыкIэ ихуэн хуэдэу, шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм халъхьэри, хьэзыр хъуху ягъавэ. ЧымчыркIэ къыхахыжри, псы щIыIэ щIагъэж. ХьэлIамэ-кIупIинэм и кум джэдыкIэ ивыкIа укъэбза иралъхьэ, шыгъу трагъэщэщэжри, хуабэу яшх. Шэ, шатэ дашх. ХьэлIамэ-кIупIинэр нэхъ зыхуагъэхьэзырыр цIыкIухэрат. ХьэлIамэ-кIупIинэм джэдыкIэ гъэва и гъусэмэ дияуэ яшхыркъым, джэшщхьэбжь уещIри.

*Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):* нартыху хьэжыгъэм къыхэщIыкIа хупцIынэ грамми 120-рэ, зы джэдыкIэ, шыгъуу узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.



# Къуэр напщIэщ, пхъур набдзэщ

♦**Ныбжьэгъур бгъэунэхунумэ, хуитыныгъэ ет.**
♦**Сабий зэрымысым насып илъкъым.**
♦**Уи гъунэгъу и фэ къыптоуэ.**
♦**Унэр игущ, жьэгур и псэщ.**
♦**ФызыфI зиIэм хъуэхъу и унэ илъщ.**
♦**Хэгъэрей бзаджэ дэкIуатэ кIыхьщ.**
♦**Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.**
♦**Шыпхъум и гур дэлъхумкIэ гъэзащ.**
♦**Къуэр напщIэщ, пхъур набдзэщ.**
♦**Адыгэр вакъэ лъэныкъуэу шхэркъым, шхэурэ уэрэд жиIэркъым.**
♦**Аргъуей мыдзакъэ щыIэкъым.**
♦**Бжэмышх нэщI жьэм хуахьыркъым.**
♦**Бзэгур шэм нэхърэ нэхъ жэрщ.**
♦**Гугъуехь зымылъэгъуам гъуэгуанэ хуэшэчыркъым.**
♦**Шыпхъуншэ нэхърэ шыпхъу нэф.**

## ● ЗэвгъащIэ

**Хьэлыуэ Iэпищ**. ФэрэкI къызэуза сабийр хъужа иужькIэ, хьэлIамэ хуагъавэрт, сабийм и Iэпищым и пIэ тедзауи гъунэгъухэм хуахьырт, я сабийр зэрыхъужам иджы укъыкIэлъыкIуэ зэрыхъунум и щыхьэту.

**Гъуэгудэгъазэ**. Мыр адыгэхэм хьэщIэм хуащI пщIэм, кIэлъызэрахьэу щыта хабзэм ящыщ зыщ. Къуажэм дэкIыу гъуэгу техьам, хьэщIэ къакIуэу илъагъумэ, къигъэзэжырти къуажэм нэс къигъэблагъэт, хьэщIэм хуит къищIыжмэ, и гъуэгум пищэжырт.

**Дыщрыс**. Пасэ зэманым щыгъуэ зи нэчыхь ятха пщащэр и дыщым илъэскIэ щис къэхъурт, зи нысэ хъуну унагъуэм уасэр зэхуахьэсыху.

**Гущэкъуибзэ**. Адыгэхэм хабзэу къадекIуэкIыу щытащ зы жэщым жылэм къыдалъхуа щIалэ цIыкIумрэ хъыджэбз цIыкIумрэ я гущэкъу зэхурабзэу. Ахэр бэлигъ хъуа иужькIэ унагъуэ хъун хуейуэ арат.

# Псалъэзэблэдз




**ЕкIуэкIыу**: **3**. ... уанэр си шым, уей си шынэхъыщIэ, зауэм кIуэ жаIауэ, ТэрчкIэ соукъуэдий» - ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ КIыщокъуэ Алимрэ яуса, Тут Заур игъэзащIэ уэрэд цIэрыIуэ. **4**. ЯфIэтхьэмыщкIэ, яфIэгуэныхь хъу сабийм щхьэкIэ жаIэ псалъэ. **7**. Псалъэр пычыгъуитIу зэхэтщ. Япэ пычыгъуэр - Iэщ цIыкIу; 2-нэр-адыгэ генерал. ТIури зэхэплъхьэжмэ - къуалэбзу. **8**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **9**. Къуэш ... нэхърэ - ныбжьэгъуфI. **10**. Къуацэчыцэхэр зи хэщIапIэ, щIагъуэу мылъэтэф къуалэбзу цIыкIу. **13**. МафIэ бзий къыдидзу, уафэм къыщоуэ. **14**. Хъарбыз ... е кхъуей ...

***Къехыу:*** **1**. УэршэрынкIэ ирикъуа нэужь, ... и унэ и бжэн лъакъуэу, щIалэхэр зэбгрыкIыжащ. **2**. БаIуэ нэхърэ ... **3**. Бжьэхэм фо къызыхах, Iэщым фIыуэ яшх, хъупIэхэм къыщыкI удз. **5**. Зи цыр хужь шы. **6**. Къэгубжьауэ нэгъуэщI унагъуэ телъадэ цIыхум щхьэкIэ жаIэ. **11**. Зи акъыл зэтекIа цIыху. **12**. Зи нэхэр зэблэплъ.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътIанщ**.

***Мэлыжьыхьым и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ШкIэщ. **3**. Вакъэ. **7**. ГущабэщIщ. **9**. Бзу. **10**. Тхьэ. **11**. Гуп. **13**. Щэ. **14**. Сэ. **15**. Дэ. **17**. ЛIы. **19**. Хум. **22**. Пщы. **23**. Адэ. **24**. Хъумэгъуейщ. **25**. Ущие. **26**. Хамэ.

***Къехыу:*** **2**. КIыгуугу. **4**. Къащтэ. **5**. Ныбэ. **6**. Щхьэр. **8**. Боз. **12**. Псы. **13**. Щэху. **16**. Еплъи. **17**. ЛIыхъужьщ. **18**. Фэгъу. **20**. Мащэм. **21**. Гъуэгум.

## ● Чэнджэщхэр

# Ху хьэжыгъэр щагъэлъкъым

⬢**Бжэныл ягъэгъуркъым, ягъэгъупцIу аращ.**
**Нэхъапэм Iэщышхуэм и кIапэм сэмпIалъэ къыхащIыкIыу щытащ.**
⬢**КIэртIоф гъэжьа зэрылъ тебэм и щхьэр тепIауэ куэдрэ щыбгъэтмэ, йоуцIыныхь.**
⬢**Мэл е бжэн къызэраубыдыр мэлыхъуэбашщ. IэкIэ къэбубыдмэ, узэIуса лыр фIыцIафэ хъууэ къалъытэ.**
⬢**Ху хьэжыгъэр щагъэлъкъым.**
⬢**ФIагъэжу зи фэр траха Iэщышхуэм е Iэщ цIыкIум лыджанэкIэ йоджэ.**



● Пшыхьхэр

# Тетащ дунейм нэфIэгуфIэу

**Налшык и Музыкэ школ №2-м мэлыжьыхьым и 13-м фэеплъ концерт щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, республикэм и радиом и унафэщIу щыта Гъурф Бэллэ къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу.**

НАЛШЫК щекIуэкI щэнхабзэ зэхыхьэхэм, пшыхьхэм екIуалIэу, гъащIэр фIыуэ илъагъуу, нэфIэгуфIэу дунейм тета Гъурф Бэллэ и ныбжьэгъуу икIи и лэжьэгъуу щытахэу Мэремкъул Ларисэрэ Теувэжыкъуэ Мариаңнэрэ гъэ къэс мэлыжьыхьым икухэм илъэсипщIым щIигъуауэ фэеплъ пшыхь къызэрагъэпэщ. Ар цIыхухэм ягу къинэжащ зи псалъэр щIэщыгъуэ, гуапагъэ къызыбгъэдэкI цIыхуу.

Мэремкъул Ларисэрэ Теувэжыкъуэ Мариаңнэрэ Гъурф Бэллэ щытепсэлъыхьым, я псалъэм къыхагъэщащ абы макъамэр, дахагъэр фIыуэ илъагъуу, езыми хьэл-щэн дахэ хэлъу зэрыщытар. Фэеплъ пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм абыхэм фIыщIэ хуащIащ икIи концертым нэхъ къыхэжаныкIа, Музыкэ школ №3-м щеджэ, музыкант ныбжьыщIэхэм папщIэ Владикавказ щекIуэкIа «Наши надежды» XXI дунейпсо зэпеуэм Гран-при саугъэтыр къыщызыхьа Ульбашев Болэт иратащ Гъурф Бэллэ и цIэкIэ ягъэува ахъшэ саугъэтыр. КъыжыIапхъэщ, Бэллэ и къуэрылъху Алий цIыкIуи концертым зэрыхэтар, Iэгуауэ ин зэрыхуаIэтар. Х ь э I у п э ДжэбрэIил и гъэсэн музыкант, пианист Гъурф Бэллэ зыпэрыхьэ Iуэхухэр сыт и лъэныкъуэкIи къызыхуэтыншэу зэфIихырт. Дунейм ехыжа куэдым ятеухуа лэжьыгъэ купщIафIэхэр абы къыщIэнауэ радиом и архивым щахъумэ. Бэллэ и Iыхьлыхэм, лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм, къэзыцIыхуу щытахэм ягу къинэжащ шыIэ зыхэлъ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыху акъылыфIэу, и дуней тетыкIэкIэ щапхъэу. ХэщIыныгъэ ин зыгъуэта и унагъуэм хуэдэу, куэдым ягу къоуэ Бэллэ пасэу дунейм зэрехыжар. Лъэужь дахэ къигъэнар зэращымыгъупщэращ абы хуащIэжыфынур.

Пшыхьыр ягъэдэхащ Музыкэ школ №1-м, №2-м, №3-м, Гъуазджэхэмкlэ сабий школ №1-м я гъэсэн 12-м. Абы къекIуалIэхэм концертыр гъэщIэгъуэн, гукъинэж зэращыхъуам шэч хэлъкъым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# Лианэ и IэрыкIхэр

**Iэкlэ ягъэхьэзыр, лъэпкъ дамыгъэхэм щыщ зыхаухуанэ фэилъхьэгъуэхэм яIэ щIэупщIэм иужьрей зэманым зэрыхэхъуэр ди нэгу щIокI. Мы тхыгъэр зытеухуар Шэджэм щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и управленэм и IэщIагъэлI нэхъыжь, IэпщIэлъапщIэ Къущхьэ Лианэ и IэдакъэщIэкIхэрщ.**

КъБКъУ-м и социально-гуманитарнэ институтым социальнэ лэжьакIуэ IэщIагъэр щызэзыгъэгъуэта Лианэ абы ирилэжьэну хунэсакъым. ЕджапIэ нэужьым унагъуэ хъури, Белгород областым къулыкъу щызыщIэ и щхьэгъусэм щIыгъуу абы щыIащ. Илъэс пщыкIуплIым нэблагъэкIэ Урысейм и щIыналъэхэм щыпсэуну къызыхуихуа бзылъхугъэр зэрымыщIэкIэ дихьэхащ гравировкэм. Зыхуеину IэмэпсымэхэрзэригъэпэщриI, махуэ къэс къагъэсэбэп, саугъэт папщIэуи ят хьэпшыпхэр (блокнот, ручкэ, сэ жыпIэми) къризбзыкIыу щIидзащ. Абыхэм щIэупщIэ зэраIэм Лианэ дамэ къытригъакIэрт, ауэ зэман дэкIри, абы къыгурыIуащ илэжь Iуэхум зэрытезэшар.

Къулыкъу нэужьым унагъуэм (бынищ яIэщ) Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэзэжащ. Щэнхабзэмкlэ и управленэм и IэщIагъэлIу здэлажьэм, бзылъхугъэ IэпщIэлъапщIэр, IэнатIэмрэ унагъуэмрэ къащыдэхуэкIэ, гупсэхугъуэ къезыт Iуэхущlэ гуэр аргуэру лъыхъуэрт. Лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр, тхыпхъэхэр фIыуэ зылъагъу Лианэ адыгэ жыIэгъуэхэмкIэ, дамыгъэхэмкIэ, усэхэмкIэ, фащэ зыщыгъ бзылъхугъэ сурэткIэ гъэдэха сумкэхэр ищIу щIидзащ. Интернетым и фIыгъэкIэ пIалъэ кIэщIым куэдым зэуэ ар къацIыхуащ. Сумкэхэр я инагъ-цIыкIуагъкIи, плъыфэкIи, махуэ къэс къэбгъэсэбэп, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм къыхуэпщтэ хъуну зэщхьэщокI. КъыжыIапхъэщ: мы хьэпшыпхэм Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм, Хабаровск, Псков къалэхэм, Башкирием щIэупщIэ зэрыщаIэр, нэгъуэщI къалэхэми куэдрэ зэрыригъашэр. Зэман къыщыхудэхуэкIэ, сумкэхэм ещхьу паспорт тебзэхэри игъэхьэзырыну и мурадщ.

Хьэзырхэмкlэ гъэдэха, иджыпсту щIэупщIэ зиIэ бзылъхугъэ сумкэхэм къищынэмыщIауэ, щIэщыгъуэ гуэр къэзгупсысыну сыхуейти, си IэрыкIым къыщIэупщIэ дэтхэнэ зыми езыр зыхуей дамыгъэмрэ псалъэмрэ тету хуэсщIыну яужь сихьащ, уасэкIи езэгърабгъуу. Псори дыщыгъуазэщ бзылъхугъэхэм зыми имыIэ хьэпшып зэрахьэну зэрафIэфIым. Аращи, абы нэхъ тезгъэщIащ. Ди пасэрей лъэпкъ IэщIагъэр къэзгъэщIэрэщIэжыну, схъумэну, зэманым декIуу щIалэгъуалэм я пащхьэ ислъхьэну си хъуэпсапIэти, къызэхъулIауэ собж, - жеIэ Лианэ. - Си япэ хьэпшыпхэр Интернетым зэрыщалъагъуу цIыху мелуан ныкъуэм щIигъу еплъащ икIи щIэупщIэшхуэ яIэ хъуащ. Iуэхум и ужь сызэрихьэрэ тхьэмахуитI къудей хъууэ аращи, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу цIыхухэм зыкъысхуагъазэ. СыкъэзымыцIыху куэдым я дзыхь къызэрызагъэзыр, си лэжьыгъэмкIэ псори зэрыарэзыр гуапэщ.

Лианэ и сумкэхэм нэхъыбэу щIэупщIэр илъэс 20 - 30 ныбжьым итхэрщ. Гуапэ щохъу саугъэт папщIэу анэхэм, щхьэгъусэхэм, шыпхъухэм къыщыхуащтэкIэ. Псом хуэмыдэу гуапэ дыдэ щыхъуащ дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIэ зы щIалэ къэпсалъэу и пхъур зэригъэгуфIэн тыгъэ хуищIыну къызэрыжриIар.

IэщIагъэр лей хъуркъым жыхуаIэр Лианэ и деж щынэрылъагъущ.

**БЖЬЫХЬЭ Розэ.**





# Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ

*«Б» дивизионым и Япэ гуп. ЕплIанэ джэгугъуэ*

«Спартак-Налшык» - «Шахтёр» (Донецк)
*Налшык. «Спартак» республикэ стадион.*

*Мэлыжьыхьым и 18-м. Сыхьэт 16-м.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

# И щIапIэм щыщIитIэжащ

**КъБР-м щыIэ МВД-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм яубыдащ илъэс 49-рэ зи ныбжь, нэхъапэми суд зытращIыхьа, цIыху иукIауэ шэч зыхуащIыр.**

СЛЕДСТВЭМ къызэритымкIэ, гъатхэпэм и пэщIэдзэм щIыпIэм щыпсэум, и цIыхугъэр щIыгъуу, и унэм фадэ щрафащ. Абыхэм яку зэныкъуэкъу къыдэхъуэри, шэч зыхуащIыр и ефэгъум и щхьэмрэ и бгъэгумрэ джыдэ тIыгумкIэ зыбжанэрэ еуащ. Илъэс 39-рэ зи ныбжь цIыхухъур къытехуа удыным абдежым щилIыкIащ.

ЩIэпхъаджагъэр щIихъумэн мурадкIэ, цIыхухъум хэкIуэдам и хьэдэр езым и щIапIэм щыщIитIащ.

Полицейхэм Iуэхухэр щрагъэкIуэкIым шэч зыхуащIыр яубыдащ, абы илэжьамкIэ зиумысыжри, иукIам и хьэдэр щыщIилъхьа щIыпIэр яригъэлъэгъуащ.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм Май районымкIэ и къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 105-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, ягъэкъуаншэр яубыдащ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.250 • Заказыр №772

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А